

2025



Manyèl pou Manm

Non ak Nimewo Telefòn HomeFirst ki Enpòtan

Sèvis Manm yo: 718-759-4510

Nimewo Telefòn pou rele Gratis: 1-877-771-1119

TTY/TDD: 711

SVP, Jesyon Pwodwi: 718-921-7922

Ekip Jesyon Swen: 1-877-771-1119

Ti Konsèy pou Ede w avèk Swen w

Toujou Sonje Pou w...

1. Di doktè w la ak lòt pwofesyonèl swen sante yo ke ou se yon manm HomeFirst.
2. Rele Sèvis Manm nan oswa Ekip Jesyon Swen w lan nenpòt lè ou:
 - Bezwen yon sèvis HomeFirst bay oswa ou bezwen èd pou w ka jwenn yon sèvis.
 - mande tèt ou èske yon sèvis kouvri anba avantaj alontèm ou yo.
3. Avèti HomeFirst nan espas 24 èdtan si w entène lopital.
4. Mache avèk kat HomeFirst ou, kat Medicare e Medicaid ou e avèk lòt kat asirans sante ou yo lè w pral wè pwofesyonèl swen prensipal ou oubyen lòt pwofesyonèl swen sante.

Tab matyè

Byenveni nan HomeFirst Plan Swen Jere Alontèm	2
Enfòmasyon konsènan HomeFirst	3
Kisa ki swen jere alontèm e kijan l travay	4
Èd nan Men Sèvis Manm	6
Kalifikasyon pou Enskripsyon nan HomeFirst	8
Pwogram Evalyasyon Endepandan New York - Premye Pwosesis Evalyasyon	9
Kowòdone Swen Ou yo	12
Kat ID Manm HomeFirst	15
Sèvis Homefirst kouvri yo	16
Jwenn Swen deyò Zòn Sèvis la	29
Sèvis Ijans	30
Pwosedi swen tranzisyonèl	30
Lajan Swiv Moun lan (MFP)/Louvri Pòt	31
Sèvis Medicaid yo ki pa kouvri nan Plan nou an	32
Sèvis ki pa kouvri nan HomeFirst oubyen Medicaid	35
Kijan Pou Jwenn Sèvis ki Kouvri yo	37
Otorizasyon Sèvis, Aksyon ak Kontestasyon Aksyon	40
Plent ak Kontestasyon plent	53
Patisipan Ombudsman	55
Dezanwole soti nan HomeFirst MLTC Plan	56
Konpetans kiltirèl e lengwistik	60
Dwa Manm (Deklarasyon Dwa) ak Responsablite	61
Direktiv Alavans	64
Finansman ak Pèman HomeFirst	65
Enfòmasyon ki disponib sou Demann	66
Avi sou Pratik Konfidansyalite yo	68

Byenveni nan HomeFirst Plan Swen Jere Alontèm

Byenvini nan HomeFirst, yon pwodwi Elderplan, epi mèsè paske w chwazi nou pou n reponn a bezwen ou genyen pou swen sante alontèm. HomeFirst se youn nan pi ansyen plan swen jere alontèm nan New York. Plan MLTC a fèt espesyalman pou moun ki gen Medicaid e ki bezwen Sèvis sante ak Sipò Alontèm ki baze nan Kominote (CBLTSS) tankou swen lakay ak swen pèsònèl pou rete lakay ak nan kominote yo osi lontan ke posib.

Manyèl sa a enfòme w sou avantaj siplemantè HomeFirst kouvri yo depi ou enskri nan plan an. Manyèl la di ou tou ki jan pou mande yon sèvis, depoze yon plent, oswa dezanwole nan HomeFirst. Tanpri kenbe manyèl sa a kòm yon referans, li gen ladan enfòmasyon enpòtan konsènan HomeFirst ak avantaj ki genyen nan plan nou an. Ou bezwen manyèl sa a pou aprann ki sèvis yo kouvri ak kouman pou resevwa sèvis sa yo.

Si ou ta renmen plis enfòmasyon, oswa si w gen kesyon, tanpri kontakte ekip Sèvis Manm nou nan 1-877-771-1119, Lendi jiska Vandredi, 8:30 a.m. a 5:00 p.m. Pou TTY, rele 711.

Nou ankouraje oumenm ak fanmi w pou n jwe yon wòl aktif nan pran desizyon konsènan bezwen swen alontèm nou yo. Nou vle ou gen yon relasyon k ap kontinye avèk ekip Jesyon Swen ou ak pwofesyonèl swen prensipal ou pandan y ap travay ansanm pou ede ou resevwa kay, kominote ak sèvis swen sante nan etablisman ou bezwen yo.

Mèsè ankò dèske w chwazi HomeFirst.

Konsènan HomeFirst

HomeFirst, yon pwodui Elderplan, se youn nan plan Swen Kontwòl Alontèm (MLTC) ki pi ansyen nan Eta New York. HomeFirst ap kontinye avèk yon tradisyon konpasyon, diyite ak respè ki date depi 1907, Lè Kat medam Brooklyn, avèk èd yon sipò karitatif, te bay manm nan kominote a swen sante bon kalite ak yon kote konfòtab e an sekirite, pou yo viv, nan moman yo te pi bezwen l lan. HomeFirst, se yon plan swen kontwòl alontèm (MLTC) ki pa travay pou pwofi, epi ki makonnen moun ak resous ansanm pou l ka pi byen planifye epi ofri bon kalite sèvis swen sante ki abòdab pou ou.

Youn nan bagay ki enpòtan anpil nan jefò sa a, HomeFirst devlope yon rezo founisè nan sektè a tout moun respekte, ki kapab bay sèvis ou bezwen yo. Nou te chwazi epi rekonèt pwofesyonèl swen sante sa yo pou nou asire ou resevwa bon jan kalite swen.

Nou ankouraje manm nou yo pou yo patisipe aktivman nan pwòp swen sante yo epi nou ofri yo plizyè chwa sèvis ak plizyè etablisman sante pou ede yo nan jefò sa a. Tout sa fè pati nan angajman nou. Objektif nou se pou n ede ou viv endepandan, lakay ou, pandan pi lontan ke posib.

Enskripsyon nan HomeFirst antyèman volontè. Lè w enksri nan HomeFirst, ou dwe sèvi ak pwofesyonèl swen sante ki nan rezo HomeFirst la epi ou dwe gen otorizasyon Ekip Jesyon Swen w lan pou ka benefisye sèvis HomeFirst kouvri yo.

Kisa Swen Kontwole Alontèm nan ye epi Kijan l fonksyone?

Plan Swen Kontwole Alontèm yo ofri, fè aranjman ak kowòdone sèvis swen alontèm manm yo sou yon baz kapitalize. Nan HomeFirst, nou ofri ou yon laj seleksyon sèvis ki kouvri atravè rezo pwofesyonèl nou an gratis pou ou (gade **Sèvis Ki kouvri yo nan HomeFirst** seksyon ki nan paj 16) epi yo ka kowòdone lòt sèvis tankou moun ki kouvri pa Medicare oubyen Medicaid regilye (gade paj 36).

Antanke manm HomeFirst, ou pral benefisye nan:

- Kowòdone tout sèvis swen sante w yo avèk doktè w (yo) ansanm avèk lòt pwofesyonèl swen sante.
- Yon Ekip Jesyon Swen ki gen ladan yon evalyatè enfimyè lisansye, manadjè swen ak reprezantan swen avèk ekspètiz nan pran swen moun ki gen bezwen medikal kwonik.
- Ekip Jesyon Swen ou pral kolabore avèk doktè ou ak lòt pwofesyonèl swen sante pou asire ou resevwa sèvis ou bezwen yo.
- yon plan swen sante oumenm, Ekip Jesyon Swen w lan, ak pwofesyonèl swen sante (yo) kreye ansanm espesyalman pou ou.
- Anpil chwa sèvis, tankou sèvis prevantif, sèvis reyabilitasyon ak sèvis baze nan kominote.
- Yon enfimyè de gad, ki disponib 24è pa jou, 7 jou pa semèn pou bay enfòmasyon, sèvis konsiltasyon an ijans ak entèvansyon nan kominote a, si sa nesesè.

Konfidansyalite

Nou Pwoteje Konfidansyalite Enfòmasyon Pèsonèl sou Sante w. Lwa federal ak lwa eta yo pwoteje enfòmasyon prive ki nan dosye medikal ou ak enfòmasyon pèsonèl sou sante w. HomeFirst pran konfidansyalite enfòmasyon prive w trè oserye. Nou pwoteje enfòmasyon pèsonèl sou sante w yo jan lalwa sa yo egzije l la.

- "Enfòmasyon pèsonèl sou sante" enkli enfòmasyon pèsonèl ou te ban nou lè w te enskri nan plan sa a osi byen kedosye medikal ou yo ak lòt enfòmasyon medikal ak sou sante.
- Lalwa ki pwoteje vi prive w ba ou dwa ki gen rapò ak jwenn enfòmasyon ak dwa pou w kontwole kijan y ap itilize enfòmasyon sou sante w. Nou remèt ou yon avi alekri, ki rele "Avi sou Pratik Konfidansyalite," ki bay tout detay sou dwa sa yo epi ki eksplike tou kòman nou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sou sante w.

Kijan nou Pwoteje Konfidansyalite Enfòmasyon sou Sante w

- Nou asire n ke okenn moun ki pa otorize, wè oubyen chanje enfòmasyon ki nan dosye w.
- Nan pi fò ka, si nou bay nenpòt moun ki p ap ba w swen oswa ki pa peye pou swen w, enfòmasyon sou sante w, yo egzije pou nou resevwa, premyèman yon pèmasyon alekri nan men ou. Oumenm oswa yon moun ou bay otorizasyon legal pou pran desizyon pou ou kapab bay pèmasyon alekri.
- Gen kèk eksepsyon ki pa oblije nou resevwa pèmasyon w alekri anvan.
- Lalwa pèmèt oubyen egzije eksepsyon sa yo. Pa egzanp, nou gen obligasyon pou n divilge enfòmasyon sou sante bay ajans gouvènman k ap tcheke sou kalite swen nou bay.

Ou Ka wè enfòmasyon an nan Dosye w epi Konnen nou te Pataje l avèk lòt moun. Se dwa w pou w gade dosye medikal ou yo ki nan plan an epi pou w resevwa yon kopi dosye w yo tou.

Nou gen dwa fè w peye yon frè pou n fè kopi yo. Se dwa w tou pou w mande pou nou ajoute oswa korije enfòmasyon ki nan dosye medikal ou yo. Si w mande nou pou n fè sa, nou pral travay avèk pwofesyonèl swen sante w la pou deside si nou dwe vrèman fè chanjman yo.

Se dwa w pou w konnen kijan yo te pataje enfòmasyon sou sante w ak lòt moun pou nenpòt rezon ki pa woutin.

Si ou gen kesyon oubyen enkyetid sou konfidansyalite enfòmasyon sou sante pèsonèl ou, oubyen pou yon kopi plan nou an "Avi sou Enfòmasyon Prive," tanpri rele Sèvis Manm nan 1-877-771-1119 (TTY: 711).

Èd Nan Men Sèvis Manm

Ou ka rele Sèvis Manm HomeFirst ou a nenpòt lè, 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn nan nimewo Sèvis Manm ki anba a.

Gen yon moun pou ede w nan **Sèvis Manm yo:**
Rele **1-877-771-1119 (TTY: 711)**,
Lendi jiska Vandredi 8:30 a.m. rive 5:00 p.m.

Si w bezwen jwenn èd aprè lè travay, nan wikenn, oubyen nan jou konje, yon manm nan ekip nou an pral ede w. Yon enfimye ki an sèvis ap reponn tout kesyon w genyen sou eta sante w epi l ap ede w deside sou yon plan daksyon. Yo ka refere w tou pou w ale lopital oswa pou w kontakte doktè w oswa pou w fè swivi medikal si gen yon pwoblèm avèk yon founisè oswa ak yon sèvis. Ou ka kontakte menm nimewo Sèvis Manm yo nan 1-877-771-1119 (TTY: 711).

Reprezantan Sèvis Manm nou yo disponib pou ede ou nan nenpòt fason konsènan afilyasyon manm ou. Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan avantaj yo, sèvis yo oswa pwosedi yo, tanpri fè nou konnen. Si w gen nenpòt lide oswa nenpòt sijesyon ki konsène HomeFirst, nou ankouraje w pataje yo avèk nou. Kòmantè w yo kapab ede nou amelyore sèvis n ap ba w yo.

Sèvis Entèprèt ak Tradiksyon

HomeFirst genyen anplwaye ki pale plizyè lang epi nou gen aksè tou ak sèvis entèprèt ki p ap koute w anyen ditou. HomeFirst ap fè w konnen ou gen dwa pou w resevwa sèvis entèpretasyon sou demann san w pa peye anyen pou sa. Nou gen enfòmasyon alekri tou nan pifò lang kouran manm nou yo pale.

Aktyèlman materyèl ekri disponib nan lang Angle, Ris, Chinwa, Bengali, Kreyòl Ayisyen, Panyòl, Koreyen, Hindi, Urdu, Punjabi, ak Arab. Si tradiksyon nesesè, tanpri, pa ezite rele Sèvis Manm nan 1-877-771-1119 (TTY: 711) epi mande pou pale avèk yon entèprèt oswa pou resevwa materyèl ekri nan lang ou.

Sèvis pou Manm ki Malantandan (ki gen pwoblèm tande)

Manm ki malantandan ki itilize sistèm TTY/TDD ki ta renmen pale ak yon Reprezantan Sèvis Manm dwe kontakte yon operatè relè anvan nan 711. Konsa yo pral fasilite apèl ant moun ki itilize sistèm TTY/TDD avèk kliyan k ap pale yo.

Sèvis pou Manm ki Genyen Twoub Vizyon

HomeFirst gen materyèl tou tankou manyèl manm nan lang Braille, CD, oubyen kasèt odyo ki disponib sou demann pou manm sa yo ki gen enkapasite vizyèl. Tanpri kontakte Sèvis Manm yo pou w mande yon kopi. Si w ta bezwen manyèl la oubyen nenpòt lòt dokiman HomeFirst oswa pou yo li fòm yo pou ou, HomeFirst pral pran yon randevou avè w pou sèvis sa a nan lè k ap pi bon pou ou a.

Kalifikasyon pou Enskripsyon nan HomeFirst

Plan swen alontèm HomeFirst jere a (MLTC) se pou moun ki gen Medicaid. Ou kalifye pou antre nan plan MLTC a si ou:

- 1) Gen 18 lane e pi gran;
- 2) Abite nan zòn sèvis plan an ki se senk minisipalite vil New York (Manhattan, Brooklyn, Bronx, Queens, Staten Island), konte Nassau, Westchester, Dutchess, Putnam, Orange, Rockland, Sullivan, ak Ulster;
- 3) Kalifye pou Medicaid konplè jan Depatman Sèvis Sosyal detèmine l (LDSS) oswa Administrasyon Resous Imèn (HRA),
- 4) Gen Medicaid sèlman oswa gen laj 18-20 an avèk tou de Medicaid e Medicare epi kalifye pou nivo swen mezon retrèt,
- 5) Ki kapab nan moman enskripsyon an retounen oubyen rete lakay ou ak kominote a san danje pou sante ou ak sekirite ou, ak
- 6) Espere kapab bezwen omwen youn nan sèvis Kominotè Alontèm ak Sipò (CBLTSS) ke Plan MLTC an kouvri pou yon peryòd k ap kontinye pandan plis pase 120 jou apati dat enskripsyon an:
 - a. Sèvis Enfimyè Adomisil
 - b. Terapi Adomisil
 - c. Sèvis Swen Sante Oksilyè Adomisil
 - d. Sèvis Swen Pèsonèl Adomisil
 - e. Sant sante lajounen pou granmoun
 - f. Enfimyè swen prive; oubyen
 - g. Sèvis Asistans Pèsonèl Kliyan an Dirije

Kouvèti ki eksplike nan Manyèl sa a antre anvigè nan dat enskripsyon ou nan Plan Homefirst MLTC. Enskripsyon nan plan MLTC a li volontè.

Pwogram Evalyasyon Endepandan New York - Pwosesis Evalyasyon Inisyal

Depatman Sante Eta New York la pral itilize Pwogram Evalyasyon Endepandan New York (NYIAP), ke yo te konnen lontan sou non Sant Evalyasyon ak Enskripsyon San-Konfli (CFEEC), pou sipòte pwosesis evalyasyon an pou tout plan swen alontèm yo. NYIAP pral jere pwosesis evalyasyon inisyal la. NYIAP pral kòmanse evalyasyon inisyal akselere a nan yon dat ki pral vini. Pwosesis evalyasyon inisyal la gen ladan l pou w ranpli:

- **Evalyasyon Sante Kominotè (CHA):** Yo itilize CHA a pou yo detèmine si ou bezwen swen pèsònèl ak/oswa sèvis asistans pèsònèl konsomatè a dirije (PCS/CDPAS) epi si w kalifye pou w enskri nan yon plan swen kontwole alontèm.
- **Randevou nan klinik ak Òdonans Pwofesyonèl swen sante (PO):** PO a anrejistre randevou klinik ou a epi li endike ou:
 - bezwen èd avèk aktivite chak jou yo, **epi**
 - ke kondisyon medikal ou estab konsa ou ka resevwa PCS ak/oswa CDPAS nan kay ou.

NYIAP pral pwograme tou de CHA a ak randevou klinik. Se yon enfimye diplome (RN) k ap fè CHA a. Apre CHA a, yon klinisyen ki soti nan NYIAP a pral konplete yon randevou klinik ak PO kèk jou pita.

HomeFirst pral itilize rezilta CHA ak PO yo pou detèmine ki kalite èd ou bezwen epi kreye yon plan swen pou ou. Si plan swen ou pwopoze PCS ak/oswa CDPAS pou plis pase 12 èdtan pa jou an mwayèn, yon revizyon separe pa Panèl Revizyon Endepandan NYIAP (IRP) pral bezwen fet. IRP a se yon ekip pwofesyonèl lasante ki pral egzamine CHA ou a, PO, plan swen ou an ak nenpòt lòt dokiman medikal. Si ou bezwen plis enfòmasyon, yon moun nan ekip la ka egzamine ou oubyen diskite sou bezwen ou yo avèk ou. IRP a ap fè HomeFirst yon rekòmandasyon pou konnen si plan swen an satisfè bezwen w yo.

Yon fwa NYIAP fini etap inisyal evalyasyon an epi detèmine ke ou kalifye

pou Swen Alontèm Medicaid jere, ou kapab lè sa a, chwazi nan ki plan Swen jere Alontèm pou enskri.

Enskripsyon

Pou sipòte pwosesis enskripsyon ou nan plan nou an, yon Reprezantan Enskripsyon HomeFirst pral ede pwograme yon randevou avèk Enfimyè Enskripsyon nou an. Ou pral oblije pataje nenpòt kat asirans avèk Enfimyè Enskripsyon nou an, enkli kat Medicaid ak Medicare ou tou, si w kalifye. Sa a pral pèmèt Enfimyè Enskripsyon nou an revize istwa swen sante ou ak/oswa evalyasyon NYIAP pou detèmine ki plan swen ou bezwen. Baze sou enfòmasyon sa a, nou pral devlope yon plan swen pèsonalize ak detaye ki pi byen sipòte bezwen swen sante ou. Nou pral revize plan sa a avèk ou, kolekte opinyon ou, epi reponn nenpòt kesyon ou ka genyen.

Si w enterese enskri nan HomeFirst, n ap mande w pou siyen yon otorizasyon medikal. Yon otorizasyon medikal siyen nesesè pou yon enfimyè HomeFirst ka fè swivi avèk doktè ou ak lòt pwofesyonèl swen sante yo pou devlope plan pèsonalize swen ou a. Yo ap devlope plan swen sante w la avèk èd ou, avèk sipò enfòmèl ou yo, epi ak èd doktè/founisè ou a. HomeFirst pral Lè sa a, kapab etabli ak kowòdone sèvis yo enkli nan plan pèsonalize swen sante ou. Sèvis Swen Sosyal ka kontribye nan plan swen pèsonalize ou a, men li pa kapab sèl sèvis ou pral resevwa.

Si w chwazi enskri nan HomeFirst apre ou kite yon prensipal Plan Swen Medicaid jere epi ou se yon Resipyan Medicaid-sèlman, tou de ou menm ak pwofesyonèl swen sante w la dwe ranpli fòm Demann obligatwa Evalyasyon NYIAP anvan Evalyasyon NYIAP a ka pwograme.

Nan fòmilè sa a, oumenm ansanm ak founisè ki ba w swen primè a, enfimyè praktisyen oswa asistan doktè ou a dwe konfime ou bezwen pou pi piti youn nan sèvis sa yo ki lye sèlman ak plan swen kontwole alontèm sa yo: swen sosyal lajounen, sipò sosyal ak anviwònmanal, ak/oswa manje yo livre adomisil. San fòm siyen sa a, ou p ap kapab pwograme yon randevou pou Evalyasyon NYIAP oubyen enskri nan yon plan swen alontèm jere tankou HomeFirst.

Pou nou fini pwosesis aplikasyon enskripsyon an, w ap bezwen siyen yon

Akò Enskripsyon. Pou w fin konplete aplikasyon w lan nèt, w ap gen pou w siyen yon otorizasyon pou Pataje Enfòmasyon.

Enskripsyon an ap efektif nan premye (1ye) jou nan mwa a. LDSS oubyen New York Medicaid CHOICE dwe apwouve tout enskripsyon yo. Aplikasyon pou anwolman yo soumèt bay LDSS oubyen New York Medicaid Choice a midi nan ventyèm (20yèm) jou mwa a pral aksepte pou anwolman le premye (1ye) nan pwochen mwa si aplikasyon an konplè epi Medicaid ou aktif. Si ventyèm (20yèm) jou nan mwa a tonbe yon jou ferye oswa wikenn, yo pral soumèt aplikasyon enskripsyon an a midi nan jou travay anvan an.

Anilasyon Enskripsyon

Si w deside ou pa vle kontinye ak pwosesis aplikasyon an, n ap konsidere w anile aplikasyon an. Ou ka anile aplikasyon w lan oswa akò enskripsyon w la anvan midi nan ventyèm (20yèm) jou mwa anvan dat enskripsyon an efektif pandan w ap endike nou sa w vle a vèbalman oswa alekri.

Si w chwazi anile aplikasyon w lan, epi ou:

- **De fwa kalifye:** Ou dwe chwazi yon lòt plan swen jere alontèm (managed long-term care plan) pou w kapab kontinye resevwa sèvis alontèm tankou swen pèsònèl. Ou p ap kapab retounen ankò nan Frè pou Sèvis Medicaid pa mwayen HRA oubyen LDSS.
- **Kalifye pou Medicaid sèlman:** ou dwe chwazi yon lòt plan swen jere alontèm, plan swen Medicaid jere, oubyen yon plan swen sèvis egzante pou w ka kontinye resevwa sèvis swen alontèm yo. Ou p ap kapab retounen ankò nan sèvis Medicaid Fee-for-Service (Frè pou Sèvis Medicaid) pou sèvis alontèm yo pa mwayen HRA oubyen LDSS.

Refize yon Enskripsyon

HomeFirst pral di w si nou detèmine ou pa kalifye poutèt laj ou, zòn kote

w abite a, oubyen kalifikasyon w pou Medicaid. Si w pa dakò ak desizyon HomeFirst pran an, ou ka mande pou pousuiv yon aplikasyon. Lè sa a, enfòmasyon yo kolekte jiska moman sa a pral ekspedye bay New York Medicaid Choice epi yo pral pran desizyon final la sou kalifikasyon ou.

Yo pral refize anwolman ou si apre kòmansman pwosesis aplikasyon an yo detèmine ou pa kalifye pou nivo swen mezon retrèt si ou swa gen ant 18–20 lane epi ou kalifye de fwa (Medicare ak Medicaid), oubyen si ou gen 18 an oswa plis epi ou sèlman kalifye pou Medicaid.

- Yo pral refize enskripsyon w lan, si apre kòmansman pwosesis aplikasyon an, yo jije ou pa bezwen sèvis swen kominotè alontèm HomeFirst ofri yo pou plis pase san ven (120) jou san kanpe apati dat ou te enskri a.
- Yo pral refize anwolman ou si nan moman enskripsyon an yo detèmine ke ou pa kapab retounen oswa rete lakay ou ak nan kominote w san danje pou sante ak sekirite ou.

Anvan rekòmandasyon pou refize anwolman an trete pa New York Medicaid Choice, ou ka retire aplikasyon w lan lè ou fè konnen volontè ou vèbalman oubyen alekri.

Si HomeFirst oubyen yon antite Depatman Sante deziyen detèmine ke ou pa satisfè youn oswa plizyè nan kondisyon kalifikasyon yo, Lè sa a, nou pral refize anwolman ou epi nou pral avize w alekri. HomeFirst pral refize anwolman ou si New York Medicaid Choice dakò avèk detèminasyon HomeFirst la ke ou pa kalifye.

Kowòdinasyon Swen Ou

Lè enskripsyon an, chak manm asiye nan yon Ekip Jesyon Swen ki gen ladan yon enfimyè evalyatè ki lisansye, manadjè swen, ak reprezantan swen yo. Ekip sa a responsab pou kowòdone swen kontinyèl ou epi ofri yon-wo kalite sèvis, ki se yon eksperyans planifikasyon sante sou moun.

Plan Sèvis Santre sou Moun (PCSP)

Yo dwe devlope Plan Sèvis santre sou moun lan (PCSP) avèk ou epi avèk moun ou seleksyone ki pou patisipe nan planifikasyon ak egzekisyon sèvis la, sa gen ladan l sèvis pwofesyonèl swen sante yo ak sipòtè enfòmèl ou te chwazi yo. Administratè swen nou yo pral pale avèk ou sou preferans kiltirèl ou ak varyete sèvis yo (tankou dimansyon, dire, kantite, ak konbyen fwa) pou yo devlope plan sa a. Ou gen pouvwa pou dirije pwòp plan swen ou. Sèvis yo pa pral planifye oswa otorize pa anvan manadjè swen nou an rankontre w ak kolabore avèk ou. Ou dwe siyen PCSP a lè yo fin konplete l epi yo dwe ba w yon kopi, epi yon kopi siyen dwe rete nan achiv HomeFirst.

Ansanm, ekip Jesyon Swen w lan pral travay avèk ou, ak sipòtè enfòmèl ou yo ak pwofesyonèl swen sante prensipal ou pou asire ke ou resevwa yon nivo sèvis apwopriye ki reponn a bezwen sikososyal kouran e pwòp a oumenm ak bezwen medikal ou, nivo fonksyonèl ak sistèm sipò yo. Ekip Jesyon Swen w lan ap kowòdone tout bezwen swen sante w ni pou sèvis ki kouvri yo ni pou sèvis ki pa kouvri yo, ak nenpòt lòt sèvis lòt pwofesyonèl swen sante, resous kominotè ak sipò enfòmèl ap ba ou.

Ap gen yon Pwofesyonèl Swen Sante ki pral ede w aplike pou tout sa w gen dwa resevwa ak lòt benefis ou elijib pou resevwa, epi pou ka mentni elijibilite w atravè pwosesis sètifikasyon pou tout sa w gen dwa resevwa. Enfimyè Evalyatè a, antanke yon manm nan Ekip Jesyon Swen ou an, pral fè yon vizit lakay ou chak ane pou konplete yon evalyasyon konplè sante ou ak pou idantifye nenpòt chanjman oswa bezwen ou ka genyen. Vizit lakay adisyonèl yo ka pwograme jan Ekip Jesyon Swen ou an detèmine, sou demann pwofesyonèl swen sante ou a, oswa baze sou chanjman nan kondisyon sante ou. Nou pral travay an kolaborasyon avèk doktè ou/founisè, ki te resevwa avi sou plan swen ou, osi byen ke lòt pwofesyonèl swen sante pou asire ou resevwa sèvis ou bezwen yo.

Aprè premye evalyasyon an ak devlopman plan an avèk ou, Ekip Jesyon Swen nou an pral voye PCSP a ba ou nan moman enskripsyon an. Administratè swen nou yo pral fè patenarya tou avèk ou pou revize plan sa a chak fwa ou bezwen resevwa eksplikasyon.

Wòl sèvis Manm yo

Reprezantan Sèvis Manm yo disponib nan telefòn pou ede ou avèk nenpòt kesyon ou ka genyen konsènan HomeFirst, ki gen ladan avantaj ak sèvis ki kouvri oubyen ki pa kouvri. Ou kapab kontakte Sèvis Manm yo nan 1-877-771-1119 (TTY: 711), Lendi jiska Vandredi, 8:30 a.m. a 5:00 p.m. Sèvis Manm yo pral travay avèk Ekip Jesyon Swen ou a pou pwograme randevou ak kòmande pwovizyon ak sèvis ou bezwen yo. Epitou, yo pral travay ak Ekip Jesyon Swen w e ak founisè sèvis yo pou asire ke w resevwa sèvis ou bezwen yo oswa pou ede w rezoud nenpòt pwoblèm ou gen ak sèvis ou yo. Reprezantan Sèvis Manm yo ka reponn pifò kesyon w genyen ki konsène plan swen w lan. Si sa nesesè yo pral asire yo ke Ekip Jesyon Swen w lan kontakte w pou l ba w bon jan eksplikasyon sou nenpòt kesyon medikal ou ka genyen.

Chwazi Pwofesyonèl Swen Prensipal ou

Avèk HomeFirst, ou kontinye itilize pwòp pwofesyonèl swen prensipal ou. Ekip Jesyon Swen ou an pral travay avèk pwofesyonèl swen prensipal ou a pou kowòdone tout bezwen swen sante ou yo. Si ou bezwen èd pou w jwenn yon pwofesyonèl swen sante, nou ka ede w lokalize yon pwofesyonèl swen sante nan kominote a ki satisfè egzijans kalite nou yo.

Chwazi Pwofesyonèl Swen Sante ou

Nou pa kapab anpeche w chwazi pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a pou avantaj ou yo Medicare kouvri. Nou sepandan kwè ke li nan pi bon enterè ou pou w itilize pwofesyonèl swen sante rezo nou an. Kòm pwofesyonèl swen sante sa yo gen yon kontra avèk HomeFirst, nou kapab siveye ki kalite sèvis y ap bay epi nou ka fè yo respekte estanda pwofesyonèl nou yo. Si avantaj Medicare ou yo fini epi se Medicaid sèlman w genyen pou peye yon sèvis ki kouvri, w ap gen pou w chanje al jwenn youn nan pwofesyonèl ki nan rezo nou an.

Antanke manm HomeFirst, ou ka jwenn yon otorizasyon alavans pou yon pwofesyonèl swen sante deyò rezo a si anka HomeFirst pa gen yon pwofesyonèl swen sante ki gen fòmasyon apwopriye oswa eksperyans pou

satisfè bezwen ou. Si ta gen yon sikonstans ou bezwen yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo, tanpri kontakte Ekip Jesyon Swen ou a pou ede w jwenn yon otorizasyon preyalab. Gade **Otorizasyon Sèvis, Aksyon ak Aksyon Kontestasyon** seksyon nan paj 40 pou plis enfòmasyon.

Referans pou Pwofesyonèl swen Sante ki deyò Rezo HomeFirst Pwofesyonèl Swen Sante

Si rezo a pa genyen yon pwofesyonèl swen sante ki byen fòmè oswa ki genyen eksperyans nan swen espesyalize ou bezwen an, Ekip Jesyon Swen w lan pral ede w fè aranjman avèk espesyalis apwopriye a (tankou yon espesyalis dantè, yon dantis) lè li travay ansanm avèk pwofesyonèl swen sante ou an.

Lè w ap itilize yon pwofesyonèl swen sante deyò rezo HomeFirst la pou sèvis ki kouvri yo, ou dwe jwenn otorizasyon anvan ou wè pwofesyonèl swen sante a. Si l pa jwenn otorizasyon obligatwa a, founisè a p ap touche pou sèvis li yo.

Otorizasyon preyalab HomeFirst pa obligatwa si sèvis ou bezwen yo kouvri nan Medicaid Frè pou Sèvis, oubyen si Medicare se peyè prensipal yon sèvis ki kouvri. Si ou gen kesyon konsènan sèvis ki kouvri anba Medicare yo, tanpri kontakte Sèvis Manm nan 1-877-771-1119 (TTY: 711), Lendi jiska Vandredi, 8:30 a.m. a 5:00 p.m.

Men kijan w ka Chanje Pwofesyonèl Swen Sante w


Pou chanje pwofesyonèl swen sante, ou ta dwe enfòmè HomeFirst sou dezi ou pou fè yon chanjman. Pou fè sa, tou senpleman rele Sèvis Manm nan 1-877-771-1119, Lendi jiska Vandredi, 8:30 a.m. a 5:00 p.m. (TTY: 711). Chanjman an ap efektif imedyatman.

Kat ID Manm HomeFirst

Lè yo fin anwole ou, yo pral asiye w yon Ekip Jesyon Swen epi remèt ou kat ID Manm HomeFirst. Ou pral resevwa kat ID ou nan lespas 10 jou nan peryòd efektif anwolman ou a. Tanpri verifye tout enfòmasyon yo kòrèk sou kat ou a.

Kat idantite manm HomeFirst ou a idantifye w antanke manm HomeFirst epi ou ta dwe toujou mache avèk li, ansanm avèk kat Medicaid, Medicare e ak tout lòt kat asirans sante, tout tan. W ap bezwen kat ID manm HomeFirst ou a pou w ka jwenn kèk sèvis HomeFirst otorize.

Kat ID Manm HomeFirst



Si kat ou ta rive pèdi oswa yo vòlè li, tanpri kontakte Sèvis Manm nan 1-877-771-1119 (TTY: 711).

Sèvis HomeFirst ki kouvri yo

Sèvis Jesyon Swen yo

Antanke yon manm nan plan nou an, ou pral jwenn Sèvis Jesyon Swen. Plan nou an pral ofri ou yon manadjè swen ki se yon pwofesyonèl swen sante - anjeneral yon enfimyè oswa yon travayè sosyal. Manadjè swen ou pral travay avèk ou ak doktè ou pou deside ki sèvis ou bezwen epi devlope yon plan swen. Manadjè swen ou pral fè aranjman pou randevou pou nenpòt sèvis ou bezwen ak sipòte ou nan fè aranjman pou transpòte w nan sèvis sa yo. Gade **Kowòdone Swen ou** seksyon ki nan paj 13 pou plis enfòmasyon.

Sèvis Adisyonèl Ki Kouvri

HomeFirst ofri yon varyete kalite sèvis sante adomisil, nan kominote ak nan etablisman sante yo epi Sèvis ak Sipò Alontèm.(LTSS). Sèvis ak Sipò Alontèm oswa (LTSS) se sèvis swen sante ak sèvis soutyen yo founi bay moun ki gen tout laj ki gen limitasyon fonksyonèl oswa maladi kwonik e ki bezwen jwenn asistans pou aktivite woutin toulèjou tankou benyen, abiye, prepare manje epi pran medikaman.

Paske ou gen Medicaid e ou kalifye pou MLTC, HomeFirst pral fè aranjman epi peye pou sante ak sèvis sosyal siplemantè ki dekri anba a. Ou ka jwenn sèvis sa yo osi lontan ke yo nesesè medikalman, sa vle di nesesè pou anpeche oswa trete maladi oswa andikap ou. Manadjè swen ou a pral ede idantifye sèvis ak pwofesyonèl swen sante ou bezwen yo. Nan kèk sikonstans, ou ka bezwen yon referans oswa yon òdonans nan men doktè ou pou jwenn sèvis sa yo. Ou dwe jwenn sèvis sa yo nan men pwofesyonèl swen sante yo ki nan rezo HomeFirst la. Gade **Kowòdone Swen ou** seksyon nan paj 13 sou kòman pou mande sèvis yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo nou an.

Tablo Sèvis ki kouvri yo

Jesyon Swen	Se yon pwosesis ki ede manm nan jwenn sèvis nesesè ki kouvri yo, jan yo idantifye yo nan Plan Sèvis Endividyèl (PCSP) a. Sèvis Jesyon Swen ki gen ladan yo referans pou pwofesyonèl swen sante ki nan-rezo a, asistans oswa kowòdinasyon sèvis pou manm yo ka jwenn sèvis medikal nesesè, sosyal, edikasyon, sikososyal, finans ak lòt sèvis pou sipòte PCSP a, endepandaman de si sèvis ki nesesè yo enkli nan avantaj yo.
Etablisman ki bay Swen Enfimye	Swen yo bay manm yo nan yon etablisman ki gen lisans. Tanpri gade detay sou Swen Sante Nan Mezon Retrèt nan paj 40 pou plis enfòmasyon.
Swen Adomisil a. Sèvis enfimye b. Sèvis Oksilyè Adomisil c. Terapi Fizik (PT) d. Ègoterapi (OT) e. Òtofofoni (SP) f. Sèvis Mediko-Sosyal	Enkli prevansyon, terapi reyabilitasyon, konsèy sante ak/oswa swen sipò Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.

Swen Pèsonèl	Yon moun ka bay yon pati Asistans oswa yon asistans ki total pou aktivite tankou ijyèn pèsonèl, abiye ak manje ak travay pou sipò nitrisyonèl ak/oswa anviwònman. Swen pèsonèl la dwe yon nesesite medikal e se yon moun kalifye selon plan swen an ki dwe bay li. Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.
Swen Sante Lajounen pou granmoun	Swen ak sèvis yo ofri nan yon etablisman swen sante rezidansyèl oswa yon sit ekstansyon ki apwouve e li gen ladan sèvis sa yo: sèvis medikal, swen enfimye, manje ak nitrisyon, sèvis sosyal, terapi reyabilitasyon, aktivite lwazi, pwodwi famasetik, dantè, ak lòt sèvis segondè yo. Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.

**Oryantasyon konsomatè
(kliyan) Sèvis Asistans
Pèsonèl yo (CDPAS)**

Nan kad sèvis jesyon swen alontèm ou, ou ka kalifye pou dirije swen ou oumenm dirèkteman. Sèvis Asistan Pèsonèl Kliyan an Dirije (CDPAS) se yon pwogram espesyalize kote yon manm oswa yon moun k ap aji nan non yon manm antanke reprezantan manm lan chwazi, li dirije epi li jere swen pèsonèl manm lan ak lòt sèvis ki otorize yo.

Manm CDPAS yo lib pou yo chwazi sèvis oksilyè pèsonèl yo, sèvis swen sante adomisil yo ak/oswa sèvis enfimye espesyalize ke yo elijib pou yo resevwa. Yon èd pèsonèl CDPAS kapab yon zanmi, fanmi, oubyen yon moun ke manm lan chwazi. Sepandan, yon èd pèsonèl CDPAS pa ka yon moun ki legalman responsab pou manm lan, yon mari oswa madanm, oubyen sibstiti ak responsab sekirite manm lan. Manm lan ak/oswa reprezantan li chwazi a responsab pou anplwaye, fòmè, sipèvize, epi, revoke Oksilyè a si sa nesesè.

Anvigè apati 4/1/25, Public Partnerships LLC (PPL) se sèl entèmedyè fiskal nan tout eta a nan New York. Tout manm yo ak asistan pèsonèl CDPAS yo dwe resevwa sèvis nan men PPL.

Pou aprann plis sou CDPAS, kontakte Enfimye Evalyatè ou a oswa Manadjè Swen ou.

Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.

Ekipman Medikal Dirab (DME)	Materyèl ak ekipman, ki diferan ak pwotèz, òtèz oswa soulye òtopedik ke yon medsen te kòmande nan kad tretman yon kondisyon medikal espesifik. Sa enkli ekipman medikal ak batri pou aparèy oditif. Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.
Ekipman Medikal/Chirijikal	Atik pou itilizasyon medikal ki diferan ak dwòg, pwotèz, òtèz, ekipman medikal dirab oswa soulye òtopedik. Gen ladan kouvèti fòmil nitrisyonèl, ki limite a manje nan sond gastrik ak maladi metabolik tibebe fenk fèt, ak sipleman nitrisyonèl oral. Pou manm ki gen ant laj 18 ak 21, fòmil oral rete kouvri lè eleman nitritif kalorik ak dyetetik pa kapab absòbe oubyen metabolize. Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.
Òtèz ak Pwotèz	Sa enkli òtèz, soulye òtopedik ak pwotèz. Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.
Sistèm Entèkansyon nan Ka Dijans Pèsonèl (PERS)	Sistèm Entèkansyon nan Ka Ijans Pèsonèl (PERS) se yon aparèy elektwonik ki pèmèt yon gwoup pasyan ki gen gwo risk jwenn bon jan èd an tout sekirite, anka yo ta gen yon ijans fizik, emosyonèl oswa nan anviwònman kote y ap viv la. Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.

Podoloji	Gen ladan swen woutin pyè lè kondisyon fizik manm lan poze yon danje akòz prezans maladi lokalize, blesi oswa sentòm ki enplike pye, oswa lè yo fèt kòm yon pati nesesè ak entegral swen medikal, tankou dyagnostik ak tretman maladi dyabèt, ilsè ak enfeksyon. Swen ijyenik woutin nan pye, tretman kò nan pye ak kalosite, koupe zong, ak lòt swen ijyenik, tankou netwaye oswa tranpe pye yo, pa kouvri depi se pou yon kondisyon medikal. Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.
Dantistri	Gen ladan l, men li pa limite ak sa sèlman: prevansyon, pwofilaksi ak lòt sèvis swen dantè, sèvis ak ekipman, egzamen woutin yo, pwofilaksi, operasyon nan bouch, pwotèz dantè ak aparèy otèz pou soulaje kondisyon sèvis sante a. Li enkli tou kouwòn ak kanal rasin nan sèten sikonstans pou kapab kenbe plis dan natirèl. Ranplasman danti ak enplan pral sèlman bezwen yon rekòmandasyon (pa yon rekòmandasyon) dantis la pou detèmine nesesite medikal. Healthplex se founisè dantè HomeFirst. Tanpri kontakte Healthplex nan 1-866-795-6493 (TTY 711), gratis Lendi jiska Vandredi, 8 a.m. jiska 6 p.m. Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.

Optometri/Linèt	Gen ladan l sèvis yon doktè maladi je, yon distribitè oftalmik, epi li gen ladan l linèt; vè kontak ki nesesè sou plan medikal ak lantiy ki fèt avèk polikabonat, je atifisyèl (estòk oubyen sou mezi) ak èd pou fèb vizyon. Egzamen pou zye yo kouvri tou pou detekte defòmasyon vizyèl ak maladi nan je yo. Egzamen yo enkli refraksyon limite pou chak de (2) an sèlman, sof si yo nesesè medikalman. Superior Vision se founisè vizyon HomeFirst. Kontakte Superior Vision nan 1-844-353-2902 (TTY 711), gratis Lendi jiska Vandredi, 8 a.m. jiska 9 p.m. Ou pa bezwen gen otorizasyon davans pou sèvis woutin pou vizyon. Ou ka bezwen otorizasyon davans pou sèvis medikalman nesesè yo.
Terapi pou Reyabilitasyon pou pasyan ekstèn: Fizyoterapi (PT), Ègoterapi (OT), Òtofooni (SP) oubyen lòt terapi yo bay nan yon lòt kote ki pa lakay	Sèvis terapi Reyabilitasyon yon teraplisansye e anrejistre ofri, pou yon maksimòm rediksyon andikap fizik oubyen mantal ak restorasyon manm lan nan yon pi bon nivo fonksyonman, ki ofri nan yon kad diferan de yon etablisman. HomeFirst pral kouvri medikalman nesesè PT, OT ak vizit SP yo ke doktè oubyen lòt pwofesyonèl ki gen lisans yo preskri. Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.

Nitrisyon	Evalyasyon bezwen nitrisyonèl ak modèl alimantè yo, oswa planifikasyon pou founi aliman ak bwason ki adapte ak bezwen fizik epi medikal moun nan ak kondisyon anviwònmantal li, oswa disponibilite yon edikasyon nitrisyonèl ak konsèy pou reponn ak bezwen nòmal epi terapeetik yo. Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.
Swen Enfimye Prive	Sèvis medikalman nesesè yo ofri manm yo nan rezidans pèmanan oubyen tanporè pa enfimye lisansye kalifye anrejistre pwofesyonèl oubyen enfimye pratik lisansye (RNs oubyen LPNs) an akò avèk òdonans doktè. Sèvis Enfimye Prive ka fèt sou baz kontinyèl e yo ka depase kad swen ki disponib nan men yon ajans swen sante adomisil sètifye (CHHA). Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.
Manje yo Livre Adomisil oubyen an Gwoup	Repa yo bay manm ki pa kapab planifye yo, al fè makèt, oubyen prepare manje sa yo akòz maladi, enkapasite oubyen laj avanse. Yo ka sèvi repa sa yo nan kay oubyen nan anviwònman kote ki gen gwoup moun (pa egzanp, etablisman pou granmoun aje yo). Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.

Sèvis gad sosyal	Se yon pwogram ki byen estriktire, konplè ki ofri moun ki enkapasite yo chans pou yo rankontre lòt moun: li gen ladan sipèvizyon ak evalyasyon; swen pèsònèl; nitrisyon nan yon anviwònman ki toujou gen sekirite nenpòt ki lè nan jounen an, men pou mwens pase yon peryòd 24 èdtan. Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.
Sipò Sosyal ak Anviwònmantal	Sèvis ak atik pou sipòte bezwen medikal ou yo ki gen ladan men pa limite a sa sèlman: sèvis antretyen nan kay, sèvis èd familyal, amelyorasyon lojman ak swen repi. Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.

Terapi Respiratwa	Nou itilize terapi respiratwa a pou trete maladi respiratwa ki kwonik yo ak maladi respiratwa ki grav yo. Se yon terapet respiratwa lisansye ki dwe bay sèvis sa yo. Tretman an ap gen ladan l kijan pou egzekite teknik ak pwosedi pou fè prevansyon antretyen ak reyabilitasyon sistèm respiratwa a, ki gen ladan l tou aplikasyon gaz medikal yo, imidite, ak ponp, presyon pozitif detanzantan, vantilasyon atifisyèl san kanpe, bay medikaman nan nen ak jere vwa respiratwa ki kole ansanm yo, swen pasyan, enstriksyon pou pasyan yo ak konsiltasyon lòt pèsonèl sante. Doktè ou a pral ba w yon òdonans medikal pou trete kondisyon espesifik ou yo. Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.
Odyoloji/Aparèy Oditif	Ladann gen egzamen oswa tèst odyometrik, evalyasyon aparèy oditif, evalyasyon sou konfòmite ak preskripsyon pou aparèy oditif, eseyaj, distribisyon ak reparasyon. Otorizasyon alavans is required.

Telesante	Pwofesyonèl swen sante itilize enfòmasyon elektwonik ak teknoloji kominikasyon pou delivre sèvis swen sante, ki gen ladan evalyasyon dyagnostik, konsiltasyon, tretman, edikasyon, jesyon swen ak/oswa jesyon yon manm lan fè pou pwòp tèt li. Telehealth pa enkli sèlman livrezon sèvis swen sante pa mwayen odyo kominikasyon telefòn, machin faksimil, oubyen mesajri elektwonik pou kont li, menm si itilizasyon teknoloji sa yo pa anpeche si yo itilize ansanm avèk telemedicine, magazen ak teknoloji avanse, oubyen siveyans pasyan adistans. Li pa nesesè pou w gen otorizasyon alavans.
Avantaj Adomisil pou ansyen sòlda yo	Chak Veteran, mari oswa madanm yon Veteran, oubyen nenpòt pwòch yon manm GoldStar ki bezwen plasman alontèm kalifye pou plasman nan Veterans Home epi HomeFirst pral avize yo sou disponibilite nan rezo a. Si HomeFirst p ap opere nan yon zòn ki gen yon Veterans Home disponib, oubyen si l pa gen youn nan rezo li a, li pral dirije w bay koutye ki responsab enskripsyon an. Li nesesè pou w gen Otorizasyon Alavans.

Se HomeFirst ki bay tout sèvis yo oswa ki kontrakte antite ki pou bay yo. Verifye rezo pwofesyonèl swen sante kouran an ki nan materyèl enskripsyon HomeFirst ou yo, vizite sit entènèt HomeFirst la nan www.elderplan.org/member-benefits/homefirst-benefits/homefirst-provider-network/, oubyen rele Sèvis Manm yo pou yon lis pwofesyonèl swen sante rezo si ou pa ka jwenn youn. Pwofesyonèl swen sante w fèt pou l gen otorizasyon HomeFirst dabò anvan l ba w kèk sèvis ki kouvri. HomeFirst pral fè tout efò li pou l otorize sèvis yo pi vit posib jan kondisyon w mande li.

Lè w fin enskri, ou pral resevwa kat ID manm HomeFirst ou. Li enpòtan pou toujou mache ak kat sa a. Antanke yon manm HomeFirst, ou pa responsab pou w peye pou sèvis ki kouvri nan rezo founisè yo lè yo suiv pwosedi otorizasyon alavans yo. Sizoka yon pwofesyonèl swen sante ta voye yon bòdwo ba ou dirèkteman, ou dwe met HomeFirst okouran. N ap kontakte pwofesyonèl swen sante a dirèkteman pou mande yo korije erè a.

Manm HomeFirst yo ka refere pwòp tèt yo pou sèvis sa yo nan Atik 28 Klinik.

- Sèvis vizyon: Sèvis optometri ki afilye ak Fakilte Optometri ki nan Inivèsite Eta New York la
- Sèvis Swen Dantè: sant medikal akademik ap jere

Limit

Fòmil anteral ak sipleman nitrisyonèl yo limite a moun ki pa ka jwenn nitrisyon atravè okenn lòt mwayen, ak nan kondisyon sa yo:

1. moun k ap manje atravè sond gastrik ki pa ka moulè oswa vale manje e yo dwe jwenn nitrisyon atravè yon tib; e
2. moun ki fèt ak kondisyon metabolik ra ki mande fòmil medikal espesifik pou ofri eleman nitritif esansyèl yo ki pa disponib atravè okenn lòt mwayen.

Kouvèti sèten maladi ereditè asid amine ak metabolis asid òganik dwe enkli pwodwi manje solid modifiye ki gen ba-pwoteyin oswa ki gen pwoteyin modifiye.

Swen nan Mezon Retrèt kouvri pou moun k ap konsidere yon plasman pèmanan pou omwen twa mwa. Apre peryòd sa a, yo ka kouvri Swen Mezon Retrèt ou atravè Medicaid regilye, epi ou pral dezanwole nan HomeFirst.

Jwenn Swen Deyò Zòn Sèvis la

Ou dwe enfòmè manadjè swen ou lè w ap vwayaje deyò zòn kouvèti plan ou, de preferans anvan ou vwayaje. Si ou ta bezwen sèvis deyò zòn kouvèti plan ou, ekip Sèvis Manm nou yo ak manadjè swen yo ta dwe kontakte. N ap ede w fè aranjman pou resevwa swen ki nesèsè sou pwèn medikal ou bezwen pandan w deyò a. Ou ka kontakte Sèvis Manm nan 1-877-771-1119 (TTY: 711), Lendi jiska Vandredi, 8:30 a.m. rive 5:00 p.m.

Si w gen entansyon kite zòn kote nou bay sèvis la pandan plis pase (30) trant jou konsekitif, l ap difisil pou HomeFirst sipèvize kòm sadwa swen sante ou bezwen yo. Lè sa rive HomeFirst dwe kòmanse anile enskripsyon w lan nan lespas senk jou (5) ouvrap apre trant (30) jou yo fin pase. Nan ka sa a, ou fèt pou rele Sèvis Manm lan oswa rele Ekip Jesyon Swen ou pou konnen ki lòt chwa w genyen.

Swen Ijan nan Zòn nou Pa Kouvri

Si yon sitiyasyon ijan rive pandan w pa nan zòn, kote nou bay sèvis la ou dwe chèche jwenn swen imedyatman. Ou menm, yon manm fanmi ou oubyen yon zanmi ta dwe kontakte HomeFirst nan lespas 2 èdtan, si sa posib. Nou bezwen gen enfòmasyon sa a pou n ka fè chanjman ki nesèsè nan plan swen ou resevwa yo.

Swen Ijan nan Zòn nou Pa Kouvri

Yon bezwen swen ijan se yon maladi oubyen yon pwoblèm medikal ki mande pou yon doktè oubyen yon lòt pwofesyonèl swen sante konsilte w, anvan pwochen konsiltasyon woutin ou an. Si w bezwen swen ijan pandan w pa nan zòn nou bay sèvis la, HomeFirst ap aksepte desizyon nesèsite medikal doktè ki te konsilte w la oubyen yon lòt pwofesyonèl swen sante te pran. HomeFirst pral peye pou tout sèvis doktè a te preskri depi se sèvis HomeFirst kouvri.

Sèvis Ijans

Sèvis Ijans vle di aparisyon toudenkou yon kondisyon ki gravman menase sante ou. Ou pa oblije jwenn otorizasyon HomeFirst anvan ou jwenn swen ijans.

Pou ijans medikal:

- Rele 911 oubyen ale nan Sal Dijans ki pi pre a.
- Ou pa bezwen enfòmè HomeFirst anvan w chèche tretman medikal dijans.
- Rele oswa vote tèks nan 988 si ou bezwen sipò sante mantal imedyat.

Jan nou avize anwo a, otorizasyon alavans pa nesesè pou sèvis ijans. Sepandan, ou ta dwe avize HomeFirst nan lespas 24 èdtan aprè ijans lan. Ou ka bezwen sèvis swen alontèm ki ka sèlman bay atravè HomeFirst. Ekip Jesyon Swen w lan ap travay avè w ak founisè swen sante w yo pou kòwodone swen w bezwen an.

Si ou entène lopital, yon manm fanmi oswa lòt moun kap bay swen ta dwe kontakte HomeFirst nan lespas 24 èdtan apre admisyon ou. Manadjè Swen ou a pral sispann sèvis swen lakay ou epi anile lòt randevou, jan sa nesesè. Tanpri asire ke ou avize doktè prensipal ou oubyen planifikatè egzeyat lopital la pou yo kontakte HomeFirst de fason pou nou ka travay avèk yo pou planifye swen ou pou apre egzeyat lopital.

Pwosedir Swen Tranzisyonèl

Nouvo manm HomeFirst yo kapab kontinye tretman kouran ki gen rapò avèk yon maladi ki menase lavi oswa yon kondisyon oswa yon maladi dejeneratif oswa yon maladi enkapasitan oswa kondisyon pou yon peryòd tranzisyonèl ki rive jiska 60 jou apati enskripsyon avèk yon pwofesyonèl swen sante deyò rezo a si pwofesyonèl swen sante a aksepte peman selon pousantaj plan an, konfòme avèk asirans kalite HomeFirst ak lòt règleman yo, epi ofri enfòmasyon medikal sou swen bay plan ou a. Swen tranzisyonèl sèlman aplike a sèvis ak avantaj HomeFirst kouvri yo.

Si pwofesyonèl swen sante ou a kite rezo a, tretman l ap ofri a kapab kontinye pou yon peryòd tranzisyonèl ki rive jiska 90 jou si pwofesyonèl swen sante a aksepte pèman swivan pousantaj plan an, konfòme l avèk asirans kalite ak lòt règleman yo, epi li bay plan an enfòmasyon medikal sou swen an.

Si w santi ou gen yon pwoblèm medikal ki reponn a kritè pou sèvis swen tranzisyonèl, tanpri avize Ekip Jesyon Swen ou.

Si y ap anile enskripsyon w nan yon lòt Plan MLTC pou ale nan HomeFirst, nan yon zòn sèvis apwouve akòz yon rediksyon, fèmti, akizisyon, fizyon oswa yon lòt aranjman ki apwouve, HomeFirst dwe kontinye ba w sèvis nan kondisyon Plan Sèvis Pèsonalize aktyèl ou genyen an pou yon peryòd sanven (120) jou dafile aprè enskripsyon w oswa jiskaske HomeFirst kòmanse yon evalyasyon epi ou dakò avèk nouvo Plan Sèvis Pèsonalize a.

Lajan Suiv Moun nan (MFP)/ louvri Pòt

Seksyon sa a ap eksplike sèvis ak sipò ki disponib nan Lajan Suiv Moun nan (MFP)/ louvri Pòt MFP/Louvri Pòt Louvri Pòt si ou:

- T ap viv nan yon mezon retrèt pandan twa mwa oswa pi lontan
- Gen bezwen sante ki kapab satisfè atravè sèvis yo bay nan kominote yo a

MFP/Louvri Pòt gen moun, yo rele Espesyalis nan Tranzisyon ak Konfrè yo, ki ka rankontre avèk ou nan mezon retrèt la epi pale avèk ou konsènan retounen viv nan kominote a. Espesyalis Tranzisyon ak kamarad yo diferan de manadjè Swen yo ak Planifikatè Egzeyat yo. Yo ka ede w nan:

- Ba ou enfòmasyon sou sèvis ak sipò nan kominote a
- Jwenn sèvis yo ofri nan kominote a pou ede w vin endepandan
- Vizite w oswa rele w apre ou fin demenaje pou asire ke ou genyen tout sa w bezwen lakay ou.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou MFP/Louvri Pòt, oubyen pou w planifye yon vizit avèk yon Espesyalis Tranzisyon oswa Kamrad, tanpri rele Asosyasyon New York sou Lavi Endepandan (New York Association on Independent Living) nan 1-844-545-7108, oswa imèl mfp@health.ny.gov. Ou kapab toujou vizite MFP/Louvri Pòt sou entènèt la nan www.health.ny.gov/mfp oswa www.ilny.org.

Sèvis Medicaid Plan nou an pa kouvri

Gen kèk sèvis Medicaid ke HomeFirst pa kouvri men yo kapab kouvri pa Medicaid regilye. Ou ka jwenn sèvis sa yo nan nenpòt founisè ki aksepte Medicaid lè w itilize Kat Avantaj Medicaid ou. Rele Sèvis Manm nan 1-877-771-1119 (TTY: 711) si ou gen yon kesyon konsènan si yon avantaj kouvri nan HomeFirst oswa nan Medicaid. Kèk nan sèvis Medicaid kouvri lè w sèvi avèk Kat Achantaj Medicaid ou enkli:

Famasi

Pifò medikaman preskripsyon ak medikaman ki pa preskripsyon, osi byen ke preskripsyon konpoze yo Medicaid oswa Medicare pati D kouvri yo si ou gen Medicare.

Sèten Sèvis Sante Mantal, ki gen ladan:

- Tretman Reyabilitasyon Sikyatrik Entansif
- Tretman Lajounen
- Jesyon Ka pou Maladi grav ak maladi mantal kwonik (patwone pa inite sante mantal eta oubyen lokal)
- Swen Lopital Pasyèl Medicare pa kouvri
- Sèvis Reyabilitasyon pou moun ki nan mezon kominotè oswa tretman baze nan fanmi
- Tretman Lajounen Swivi
- Tretman Kominotè Asertif
- Sèvis Oryante Konvalesans Pèsonalize

Sèten Sèvis Entelektyèl ak Andikap Devlopmanal, tankou:

- Terapi alontèm
- Tretman Lajounen
- Kowòdinasyon Sèvis Medicaid
- Sèvis ki te resevwa anba Egzansyon Sèvis Baze nan kay ak Kominotè

Lòt Sèvis Medicaid enkli:

- Tretman Methadone
- Terapi dirèkteman obsève pou TB (Tibèkiloz)
- Jesyon Ka HIV COBRA
- Planin Familyal Sèten medikaman pou amelyore ovilasyon medikalman nesesè, lè kritè yo satisfè.

Lòt sèvis HomeFirst pa kouvri, men Medicare oswa Medicaid regilye kouvri yo se:

Sèvis lopital pou Pasyan ki entène	Sèvis pou Pasyan ki Entène Lopital enkli swen, tretman ak sèvis yon enfimye ki egzije entène Lopital.
Sèvis lopital ekstèn	Se sèvis yon lopital bay, tankou dyagnostik, sèvis tretman oubyen prevansyon ki pa egzije pou pasyan yo pase nwit la lopital.
Sèvis Laboratwa	Gen ladan tè ak pwosedri ki nesesè medikalman ke yon pwofesyonèl swen ki kalifye òdone.
Sèvis Doktè bay ki gen ladan l tou sèvis yo ofri nan yon Biwo, nan yon Klinik, nan yon Etablisman, oubyen Adomisil.	Sèvis doktè ofri yo lki enkli tout sèvis asistan doktè, ak travayè sosyal yo ofri nan biwo, adomisil ak nan etablisman yo.
Radyoloji ak Sèvis Radyo-izotòp	Sèvis radyoloji dyagnostik, ekografi, medsin nikleyè, radyasyon onkolik, ak imajri pa rezonans mayetik (MRI), ki se sèvis yo ofri sou òdonans yon pwofesyonèl swen kalifye.
Transpò Dijans (Transpò Dijans oswa Transpò Anbilans pou ale nan yon Lopital)	Transpò Dijans (Transpò Dijans oswa Transpò Anbilans pou ale nan yon Lopital)

Sèvis Klinik Sante Riral	Pwogram k ap sèvi benefisyè Medicare ak Medicaid nan zòn riral yo pou ogmante itilizasyon pratikan ki pa doktè yo (tankou, Enfimyè Pratikan ak Asistan Doktè yo).
Dyaliz Renal Kwonik	Sèvis ak tretman maladi ren ki kwonik.
Sèvis Sante Mantal	Enkli tou de swen pasyan entènè ak pasyan ekstèn ak sèvis tretman pasyan sante mantal ki enkli admisyon pou medikasyon al lopital sikyatrik.
Sèvis pou lite kont alkòl ak depandans sibstans	Tretman ak prevansyon depandans alkòl ak dwòg.
Biwo pou Moun ki gen Andikap nan Devlopman (OPWDD)	Terapi alontèm sitou sèvi moun ki gen andikap devlopman: sèvis tretman lajounen al lakay ak pwogram sèvis ki baze sou kominote pou devlopmantral andikape.
Ospis	Pwogram ospis yo bay pasyan ak fanmi yo swen sipò ak fen lavi pou reponn ak bezwen espesyal yo genyen pandan etap final maladi a.

Malgre sèvis sa yo pa fè pati pakè avantaj HomeFirst yo, Ekip Jesyon Swen w lan pral ede ranje epi kowòdone yo si li nesèsè. Si ou enskri aktyèlman nan yon lòt plan sante ki kouvri tout oswa pati nan sèvis sa yo, ou ka vle kenbe kouvèti sa a efektiv pou kontinye resevwa avantaj sa yo.

Sèvis ki pa kouvri pa HomeFirst oswa Medicaid

Ou dwe peye pou sèvis ki pa kouvri nan HomeFirst oswa pa Medicaid si pwofesyonèl swen sante ou di ou davans ke sèvis sa yo pa kouvri, EPI ou dakò pou peye pou yo. Men kèk egzanp sèvis ki pa kouvri pa HomeFirst oswa Medicaid:

- Chiriji kosmetik si li pa nesesè medikalman
- Atik pèsònèl ak pou konfò
- Sèvis yon Pwofesyonèl swen sante ki pa fè pati plan an (sof si HomeFirst voye pwofesyonèl swen sante sa a ba ou)

Si ou gen nenpòt kesyon, rele Sèvis Manm nan 1-877-771-1119 (TTY: 711).

Kowòdinasyon Sèvis ki Kouvri ak Sèvis ki Pa Kouvri

Enskripsyon nan HomeFirst pa afekte Avantaj Medicare ou yo. Ou pral kontinye resevwa kouvèti Medicare pou vizit doktè yo, pou w entèn lopital, analiz laboratwa, anbilans, ak lòt avantaj Medicare yo. Ou pa bezwen gen otorizasyon HomeFirst pou resevwa sèvis Medicare yo.

Men tou, HomeFirst ka:

- Ba w yon lis ki gen pwofesyonèl swen sante kalifye (si w pa deja gen yon lis)
- Pwograme randevou w yo nan biwo pwofesyonèl swen sante ou a.
- Ede w avèk aranjman egzeyat yo si w entèn lopital.
- Fè aranjman pou sèvis swen lakay yo Medicare kouvri.

Si w ap resevwa nenpòt sèvis nan HomeFirst (al gade nan paj 16) epi li detèmine ke l kouvri tou anba Medicare, pwofesyonèl swen sante w lan pral faktire Medicare antanke asirans prensipal ou. Si Medicare pa kouvri tout montan sèvis ki kouvri a, konsa yo pral faktire HomeFirst pou nenpòt franchiz oubyen ko-asirans.

Nenpòt sèvis ou resevwa ke HomeFirst pa kouvri (al gade paj 36) pral faktire bay Medicare antanke asirans prensipal ou. Si Medicare pa kouvri totalite pri sèvis sa a, balans ki rete a pral faktire bay Frè pou Sèvis Medicaid. Kat idantite manm HomeFirst ou a idantifye w kòm manm HomeFirst epi ou ta dwe toujou mache avèk li, ansanm avèk kat Medicaid ou, kat Medicare epi ak tout lòt kat asirans sante w. W ap bezwen kat ID manm HomeFirst ou a pou w ka jwenn kèk sèvis HomeFirst otorize.

Si aktyèlman w ap resevwa yon sèvis Medicare kouvri, ou ka kontinye itilize pwofesyonèl swen sante ou te chwazi a. HomeFirst rekòmande pou w itilize yon founisè nan Rezo nou an pouke w pa gen pou w chanje founisè si w atenn limit kouvèti Medicare yo epi HomeFirst vin responsab pou premye peman pou swen an.

Medicaid pral peye pou sèvis Ki pa Kouvri nan HomeFirst yo. Ou ka jwenn aksè nan sèvis tankou dyaliz, sante mantal ak konsèy sou twoub itilizasyon sibstans, oubyen dezentoksikasyon alkòl atravè Medicaid dirèkteman. Sèvis sa yo pa kouvri pa HomeFirst. Ou pa bezwen otorizasyon HomeFirst pou jan de sèvis sa yo. Ekip Jesyon Swen w lan ka rann li pi fasil pou ou nan ede w jwenn epi kowòdone sèvis Medicaid kouvri yo avèk sèvis HomeFirst kouvri.

Kijan pou Jwenn Sèvis ki Kouvri yo

Devlopman ak Siveyans Plan Swen an

Lè w enskri, founisè swen sante w la, ak Ekip Jesyon Swen w ap travay ansanm pou devlope yon plan swen ki reponn a bezwen w yo. Plan swen w lan pral enkli tout sèvis ou bezwen yo pou kenbe ak amelyore kondisyon sante w. Plan swen an enkli toude sèvis HomeFirst kouvri yo avèk sèvis Medicaid ak Medicare kouvri. Li baze sou evalyasyon bezwen swen sante w, rekòmandasyon pwofesyonèl swen sante w epi preferans pèsònèl ou.

Ou ka mande pou sèvis ki diferan, oubyen plis oswa mwens nan menm sèvis yo, pandan bezwen swen sante ou chanje. Natirèlman, sa pral mande pou plan swen ou chanje tou. Ekip Jesyon Swen ou ak pwofesyonèl swen sante ou a pral revize e apwouve chanjman nan plan swen ou ki nesèsè medikalman. Yo pral evalye li avèk ou tanzantan pou asire sèvis w ap resevwa yo reponn ak bezwen w yo. Anjeneral, yo evalye e otorize yon plan swen nan entèval sis mwa (6 mwa) oubyen pi souvan si sa nesèsè. Y ap adapte li nan fason bezwen medikal ou a ogmante oswa diminye.

Ou se yon manm enpòtan pou ekip swen sante w la, donk li enpòtan pou fè nou konnen kisa w bezwen. Tanpri, pale avèk pwofesyonèl swen sante w la ak Ekip Jesyon Swen ou asi w bezwen nenpòt sèvis ou p ap resevwa kounya oubyen si w ta renmen chanje plan swen w lan. Anplis, Ekip Jesyon Swen w lan pral travay ansanm avèk ou pou l asire ke yo suiv pwoblèm medikal ou an kòrèkteman.

Mande pou fè Chanjman nan Plan Swen an

Si w ta renmen chanje plan swen w lan (pa egzanp, chanje jou oswa lè ou resevwa sèvis yo) oubyen mande yon sèvis, tankou swen dantè oswa optometrik, oumenm oswa pwofesyonèl swen sante w la dwe rele Sèvis Manm yo pou avize Ekip Jesyon Swen w lan. Ekip Jesyon Swen ou pral lè sa a, konsilte avèk pwofesyonèl swen sante ou sou chanjman ou te mande yo. Si Ekip Jesyon Swen ou ak pwofesyonèl swen sante ou a mete yo dakò, plan swen ou an pral chanje kòmsadwa.

Si nou gen tout enfòmasyon ki nesèsè yo, HomeFirst pral reponn demann pou chanjman nan plan swen osi vit ke kondisyon ou mande, men pa pita pase katòz (14) jou sivil pou demann nòmal yo ak swasanndis (72) èdtan pou akselere. Si HomeFirst refize demann pou chanjman w oswa demann pou sèvis ou a, ou ka ale annapèl pou desizyon an. Gade **Otorizasyon Sèvis, Aksyon ak Aksyon Kontestasyon seksyon** (paj 40) pou enstriksyon sou kòman pou fè apèl kont yon detèminasyon negatif HomeFirst.

Sèvis nan Plan Swen w lan Ki Bezwen Otorizasyon Alavans oubyen Revizyon similtane

Pou w resevwa sèvis ki kouvri yo (al gade paj 16), oumenm oubyen pwofesyonèl swen sante w la dwe jwenn otorizasyon alavans nan men HomeFirst. Ou ka pale avèk swa Ekip Jesyon Swen ou oswa Sèvis Manm yo jan sa dekri nan **kowòdone Swen ou** seksyon ki nan paj 13. Ou kapab jwenn Sèvis Manm yo lè w rele 1-877-771-1119, Lendi jiska Vandredi, 8:30 a.m. rive 5:00 p.m. Pou TTY/TDD, rele 711. Sèvis Manm yo pral rele enfòmasyon bay Ekip Jesyon Swen ou an. Si ou gen Medicare epi ou gen nenpòt kesyon konsènan otorizasyon oubyen kowodinasyon avantaj yo, tanpri kontakte Sèvis Manm nan 1-877-771-1119. Pou TTY, rele 711.

Tout sèvis ki kouvri yo, ou dwe mande otorizasyon HomeFirst alavans pou w jwenn yo, eksepte sèvis ijans yo.

Transpò

HomeFirst pa bay sèvis transpò medikal ki pa ijans kòm yon pati nan avantaj plan an ofri. Sèvis transpòtasyon pou manm yo pwograme pa Sèvis Repons Medikal (MAS), koutye pou Depatman Transpòtasyon Sante Eta New York.

Oumenm oswa pwofesyonèl swen sante w dwe kontakte MAS nan <https://www.medanswering.com/> oubyen rele 1-844-666 6270 si ou abite nan senk minisipalite NYC, Nassau, Westchester oubyen Putnam. Rele 1-866-932-7740 si ou abite nan Konte Dutchess, Orange, Rockland, Sullivan, ak Ulster.

Oumenm oubyen doktè w ta dwe kontakte MAS omwen twa (3) jou anvan randevou medikal ou a epi bay detay randevou ou (dat, lè, adrès, ak non pwofesyonèl swen sante) ak nimewo idantifikasyon Medicaid ou.

Ekipman Medikal, Materyèl ak Oksijèn

HomeFirst pral fè aranjman pou ka jwenn tout ekipman medikal ou bezwen, tout materyèl medikal ak oksijèn ou bezwen. Ekip Jesyon Swen ou an pral konsilte avèk pwofesyonèl swen sante ou epi fè aranjman pou livrezon ak enstalasyon. Si ou deja genyen oswa bezwen ekipman medikal Medicare deja peye, HomeFirst pral peye kopeman ou pou ekipman sa a menm si se yon pwofesyonèl ki pa nan rezo a ki bay li.

Etablisman ki bay Swen Enfimye

Admisyon nan youn nan etablisman Swen Enfimye ki patisipe ak nou yo fèt sou yon baz endividyèl epi suiv règleman elijiblite Medicaid. Ekip Jesyon Swen w lan pral fè aranjman epi HomeFirst pral kouvri depans swen nan etablisman retrèt pou manm ki, ansanm avèk pwofesyonèl swen sante yo dakò pou pase yon tan nan etablisman retrèt. Manm yo fèt pou yo itilize Etablisman ki bay Swen Enfimye ki nan rezo HomeFirst.

Si ou genyen nenpòt kesyon sou swen etablisman enfimye oswa kouvèti Medicaid oswa Medicare ou, tanpri rele Ekip Jesyon Swen w nan.

Otorizasyon Sèvis, Aksyon ak Aksyon kontestasyon

Lè oumenm, oswa yon pwofesyonèl swen sante nan non w, mande apwobasyon pou yon tretman oswa sèvis, yo rele sa yon **demann otorizasyon sèvis**. Pou soumèt yon demann otorizasyon sèvis, oumenm oubyen pwofesyonèl swen sante ou kapab rele Sèvis Manm nan 1-877-771-1119, Lendi jiska Vandredi, 8:30 a.m. rive 5:00 p.m. Pou TTY, rele 711. Demann lan kapab soumèt tou alekri nan adrès sa yo:

HomeFirst
Attn: Coordinated Care
55 Water Street, 46th Floor
New York, NY 10041

Nou pral otorize sèvis pou yon sèten kantite lajan ak pou yon peryòd tan espesifik. Yo rele sa yon **peryòd otorizasyon**.

Pèsonèl klinik kalifye pral detèmine si yon sèvis medikalman nesèsè epi apwopriye baze sou yon evalyasyon konpreyansif sou eta aktyèl ou. Pwosedi pou otorizasyon pou sèvis la kòmanse ak plan swen inisyal lè ou enskri a. Gade nan paj 13 pou yon eksplikasyon sou kreyasyon plan swen inisyal ou a.

HomeFirst pral ajì pou l asire otorizasyon pou sèvis pou tout manm yo fèt annakò ak règleman Federal ak Leta aplikab yo epi pou tout limit tan sou desizyon yo respekte. Chak manm HomeFirst ak moun manm yo nonmen pou reprezante yo, gen dwa reklame sèvis yo. Anplwaye HomeFirst disponib pou ede ou konprann delè apwopriye pou resevwa yon repons a yon demann ak delè pou trete demann lan.

Ou ka chwazi yon manm fanmi w oswa yon zanmi w ki pou pale pou ou. Toudabò se pou bay HomeFirst non moun ou chwazi ki pou reprezante w la. Ou ka fè sa lè w rele Ekip Jesyon Swen ou oswa Sèvis Manm yo. Nou pral ba w yon fòm pou w ranpli epi siyen ki di ki moun ki se reprezantan an.

Otorizasyon Alavans

Tout sèvis ki kouvri yo, avèk eksepsyon nan sèvis ijans yo, mande yon otorizasyon preyalab (apwobasyon davans) nan men HomeFirst anvan ou resevwa yo oubyen pou kapab kontinye resevwa yo. Pou lis sèvis ki kouvri yo, gade paj 16.

Pou jwenn yon otorizasyon sèvis, oumenm oubyen pwofesyonèl swen sante ou dwe kontakte HomeFirst nan 1-877-771-1119 (TTY: 711). Oumenm oubyen pwofesyonèl swen sante w la kapab voye demann lan alekri nan adrès sa yo:

HomeFirst
Attn: Coordinated Care
55 Water Street, 46th Floor
New York, NY 10041

Yo pral otorize sèvis yo pou yon kantite lajan ak pou yon peryòd tan espesifik. Yo rele sa yon peryòd otorizasyon.

Revizyon Konkouran

Ou kapab mande HomeFirst pou jwenn plis nan yon sèvis w ap resevwa aktyèlman. Kalite demann sa a rele **revizyon konkouran**. Sa genyen tou yon demann bò kote kouvèti Medicaid la pou sèvis swen sante adomisil la apre yon sejou lopital tankou pasyan ki etènè.

Revizyon retrospektiv

Pafwa nou pral fè yon revizyon sou swen w ap resevwa a pou wè si ou toujou bezwen swen an. Nou kapab tou revize lòt tretman ak sèvis ou te deja resevwa. Yo rele sa a **revizyon retwospektif**. Nou pral di ou si nou fè revizyon sa yo.

Kisa k rive apre nou resevwa demann otorizasyon pou sèvis ou a?

Plan an gen yon ekip revizyon pou asire ou jwenn sèvis nou pwomèt yo. Doktè ak enfimyè yo nan ekip revizyon an. Travay yo se asire ke tretman an oswa sèvis ou mande a medikaman nesèsè e ke li bon pou ou. Yo fè sa

lè yo tcheke plan tretman w nan kont estanda medikal akseptab yo.

Nou ka deside refize yon demann otorizasyon pou sèvis oubyen apwouve li pou yon kantite lajan ki mwens ke sa ki te mande a, sa rele yon aksyon. Desizyon sa yo se pwofesyonèl swen sante kalifye ki pral pran yo. Si nou deside sèvis ou mande a pa medikalman nesesè, desizyon an pral pran pa yon konfrè egzaminatè klinik, ki kapab yon doktè, yon enfimye oubyen yon pwofesyonèl swen sante ki abitye tipikman bay swen ou bezwen an. Ou kapab mande pou estanda medikal espesifik, ki rele **kritè revizyon klinik**, ki sèvi pou pran desizyon sou aksyon ki gen rapò avèk nesesite medikal.

Aprè nou jwenn demann ou an, nou pral revize l anba yon **estanda** oubyen **pwosesis akselere (rapid)**. Oumenm oswa doktè ou ka mande pou yon *revizyon akselere (rapid)* si li kwè ke yon reta ka lakòz gwo domaj nan sante ou. Si yo refize demann ou an pou yon revizyon akselere (rapid), nou pral di ou sa epi demann ou an pral trete tankou yon pwosesis estanda. Nan tout ka yo, nou pral revize demann ou an osi vit ke kondisyon medikal ou mande nou fè sa, men pa pita ke li endike anba a.

N apenfòme ni ou ni founisè ou an ni pa telefòn ni pa ekri si yo apwouve oswa refize demann ou an. N ap di w tou rezon ki fè nou pran desizyon an. Nou pral eksplike w ki posibilite kontestasyon ou pral genyen si ou pa dakò avèk desizyon nou an (ale nan seksyon Aksyon Kontestasyon nan paj 47).

Espas Tan pou Demann Otorizasyon Alavans

- **Revizyon estanda:** Nou pral pran yon desizyon sou demann ou a nan lespas twa (3) jou sivil lè nou genyen tout enfòmasyon nou bezwen yo, men nou prak kontakte ou pa pita pase katòz (14) jou apre nou resevwa demann ou a. Nou pral di ou sou katozyèm jou a (14zyèm) jou si nou bezwen plis enfòmasyon.
- **Revizyon (rapid) akselere:** Nou pral pran yon desizyon epi ou pral tandè nou nan swasanndouz (72) èdtan. Nou pral di ou nan swasanndouz (72) èdtan si nou bezwen plis enfòmasyon.

Espas tan pou demann revizyon konkouran yo

- Revizyon estanda: Nou pral pran yon desizyon nan yon (1) jou ouvrab lè nou gen tout enfòmasyon nou bezwen, men ou pral tandè nou pa pita ke katòz (14) jou apre nou te resevwa demann ou an.
- Revizyon (rapid) akselere: Nou pral pran yon desizyon nan yon sèl (1) jou ouvrab lè nou gen tout enfòmasyon nou bezwen an. Ou pral tandè nou nan espas swasanndouz (72) èdtan apre nou resevwa demann ou an. Nou pral di ou nan yon (1) jou ouvrab si nou bezwen plis enfòmasyon. Nan ka yon demann pou sèvis swen sante adomisil Medicaid kouvri aprè yon ospitalizasyon, nou pral deside nan delè yon (1) jou ouvrab aprè nou fin resevwa enfòmasyon ki nesesè yo, sèlman si jou ki vini aprè demann sèvis yo tonbe yon jou wikenn oswa yon jou ferye, nou pral deside swasantdouz (72) èdtan aprè nou fin resevwa enfòmasyon ki nesesè yo.

Si nou bezwen plis enfòmasyon pou pran swa yon desizyon estanda oubyen akselere (rapid) pou demann sèvis ou a, delè ki anwo yo ka pwolonje jiska katòz (14) jou sivil. Nou pral:

- Ekri w pou nou di w ki enfòmasyon nou bezwen. Si demann ou an se pou yon revizyon akselere (rapid), nou pral rele ou touswit epi voye yon avi ekri pita.
- Di w pouki rezon reta nou pran an nan enterè w.
- Pran yon desizyon osi vit posib lè nou resevwa enfòmasyon nesesè yo, men pa pita ke katòz (14) jou sivil apati fen delè inisyal la.

Si w pa satisfè ak repons nou an, ou gen dwa soumèt yon aksyon apèl kont desizyon nou an. Si nou pran desizyon sou apèl entèn ou an e ke desizyon an pa anfavè w, ou ka mande yon odyans san patipri ak Biwo Èd Tanporè ak Envalidite Eta New York la (OTDA). Gade seksyon Aksyon Kontestasyon nan paj 40 pou enfòmasyon siplemantè.

Oumenm, oswa pwofesyonèl swen sante w la, oswa yon moun ou fè konfyans ka mande nou tou pou nou pran plis tan pou nou pran yon desizyon. Ou kapab mande sa poutèt ou gen plis enfòmasyon pou bay plan asirans la pou ede l deside ka w la. Sa a ka fèt lè w rele Sèvis Manm nan 1-877-771-1119 oubyen ekri pou soumèt demann lan bay:

HomeFirst
Attn: Coordinated Care
55 Water Street, 46th Floor
New York, NY 10041

Oumenm oswa yon moun ou fè konfyans kapab soumèt yon plent ak plan an si ou pa dakò ak desizyon nou an pou nou pran plis tan pou nou revize demann ou a. Oumenm oswa yon moun ou fè konfyans kapab soumèt yon plent tou sou tan revizyon an pran ak Depatman Sante Leta New York le w rele 1-866-712-7197.

Si repons nou an se WI pou yon pati oswa tout sa ou te mande a, nou pral otorize sèvis la oubyen ba ou atik ou te mande a.

Si repons nou an se NON pou yon pati oubyen tout sa ou te mande a, nou pral voye yon avi ekri ba ou ki eksplike poukisa nou te di non. Gade **Kijan pou m Depoze yon kontestasyon pou yon Aksyon** sa ki eksplike kijan pou fè yon kontestasyon si ou pa dakò avèk desizyon nou an.

Kisa yon Aksyon ye?

Lè HomeFirst refize oswa limite sèvis oumenm oswa pwofesyonèl swen sante w la mande; refize yon demann pou referans; deside ke yon sèvis ou mande a pa kouvri kòm avantaj; limite, diminye, sispann oswa kanpe sèvis nou te deja otorize; refize peman pou sèvis; pa bay sèvis atan; oubyen pa detèmine plent oubyen kontestasyon nan peryòd tan ki obligatwa, tout sa yo konsidere kòm "aksyon" plan. Yo ka fè yon demann pou apèl poutèt yon aksyon. (Gade *Kijan pou m Depoze yon Kontestasyon Aksyon?* anba pou plis enfòmasyon).

Delè pou Avi Aksyon

Si nou deside refize oswa limite sèvis ou mande yo oswa si nou deside pa peye pou tout oswa pou yon pati nan yon sèvi ki kouvri, n ap voye yon avi ba ou lè nou pran desizyon nou an. Si n ap pwopoze pou mete restriksyon, diminye, sispann oubyen mete fen nan yon sèvis ki otorize, lèt nou an pral voye omwen dis (10) jou sivil anvan nou gen entansyon chanje sèvis la eksepte lè:

- peryòd preyavi redwi a senk (5) jou sivil nan sikonstans fwod manm lan komèt konfime; oubyen
- nou kapab voye avi pa lapòs pa pita ke dat Aksyon pou sa yo:
 - lanmò manm lan;
 - yon deklarasyon alekri ou siyen pou w mande anile yon sèvis oswa kote w bay enfòmasyon ki mande anilasyon oubyen rediksyon sèvis (kote w konprann sa dwe rezilta enfòmasyon ki te kolekte);
 - admisyon manm lan nan yon etablisman kote manm lan pa kalifye pou plis sèvis;
 - yo pa konnen adrès manm lan epi korespondans yo voye bay manm lan retounen avèk masyon pa gen adrès pou re-ekspedisyon;
 - manm lan te aksepte pou sèvis Medicaid yo pa yon lòt jiridiksyon; oubyen lanmò manm lan; nan nivo swen medikal.

Si n ap verifye swen yo te bay nan tan pase, nou pral pran yon desizyon pou peye nan trant (30) jou sivil apati dat nou resevwa enfòmasyon ki nesè pou egzamen retwospektif. Si nou refize peman pou yon sèvis, nou pral voye yon avi bay oumenm ak founisè w la jou yo refize peman an. Ou p ap gen pou peye pou okenn swen w resevwa ke plan an te kouvri oswa ke Medicaid te kouvri, menm si annapre nou pa aksepte peye pwofesyonèl swen sante a.

Enfòmasyon ki nan Avi sou Aksyon an

Nenpòt avi nou voye pou ou sou yon aksyon pral:

- Esplike aksyon nou te pran an oubyen gen entansyon pran;
- Site rezon pou aksyon an, enkli rezònman klinik la, si ta genyen;
- Dekri dwa ou genyen pou depoze yon kontestasyon avèk nou (sa enkli si ou ka gen dwa pou pwosesis kontestasyon ekstèn Leta a);
- Dekri kijan pou soumèt yon kontestasyon ak sikonstans ki pèmèt ou mande nou pou nou presipite (akselere) revizyon nou an pou yon kontestasyon entèn ou an;
- Dekri disponiblite kritè revizyon klinik ki te sipòte nou nan pran desizyon an, si pwoblèm ki envoke kòm nesesite medikal oubyen si tretman an oubyen sèvis mansyone an te eksperimantal oubyen yon ankèt; E
- Dekri enfòmasyon an, si genyen, ke ou menm ak/oswa pwofesyonèl swen sante w la dwe bay pou nou ka pran yon desizyon sou yon kontestasyon.

Avi a pral enfòme w tou sou dwa w genyen pou w fè kontestasyon ak yon Odyans san Patipri Leta:

- Li pral esplike diferans ant yon kontestasyon ak yon Odyans San Patipri;
- Li pral enfòme ke ou dwe depoze yon kontestasyon anvan ou mande yon Odyans san patipri; E
- Li pral eksplike kijan pou mande yon kontestasyon.

Si nou limite, diminye, sispann oswa mete fen nan yon sèvis otorize, avi a pral di ou tou sou dwa ou pou gen sèvis k ap kontinye pandan n ap deside sou kontestasyon ou a; ki jan pou mande sèvis yo kontinye; ak sikonstans ki ta ka oblije w peye pou sèvis si yo kontinye pandan n ap revize kontestasyon ou a.

Kijan pou Mwen Soumèt yon Kontestasyon pou yon Aksyon?

Si w pa dakò ak yon aksyon nou pran, ou ka ale ann apèl. Lè w soumèt yon apèl, sa vle di nou oblije regade ki rezon nou te konsidere nan aksyon an pou n te deside si nou te gen rezon. Ou ka soumèt yon apèl bay plan an aloral oswa alekri poutèt yon aksyon. Lè plan an voye yon lèt ba ou konsènan yon aksyon l ap pran (tankou refize oswa limite sèvis, oswa pa peye pou sèvis), ou dwe soumèt demann pou apèl ou a sou swasant (60) jou apati dat ki sou lèt nou an k ap avize w sou aksyon an.

Kontakte HomeFirst pou depoze yon kontestasyon

Ou ka jwenn nou lè w rele 1-877-771-1119 (TTY: 711) oswa ekri pou:

HomeFirst
Attn: Appeals and Grievances
55 Water Street, 46th Floor
New York, NY 10041

Moun ki resevwa demann dapèl ou an pral anrejistre l, epi anplwaye konvnab nan asirans la pral sipèvizè revizyon demann pou apèl la. Nou pral voye yon lèt pou nou di w ke nou resevwa kontestasyon ou a, epi nou enkli yon kopi dosye ka w la ki enkli dosye medikal yo ak lòt dokiman ke nou itilize pou nou pran premye desizyon an. Se anplwaye klinik ki gen konesans ki pral revwa demann dapèl ou an e anplwaye sa yo pat patisipe nan premye desizyon plan asirans la te pran oswa yo pat patisipe nan aksyon pou sa w ap mande apèl la.

Pou Kèk Aksyon Ou Ka Mande Kontinyasyon Sèvis ou Pandan Pwosesis Kontestasyon ou a

Si w ap konteste yon restriksyon, rediksyon, sispansyon oswa revokasyon sèvis ou otorize resevwa nan moman, ou dwe mande yon kontestasyon plan pou kontinye resevwa sèvis sa yo pandan y ap pran desizyon sou

kontestasyon ou a. Nou dwe kontinye sèvis ou si ou mande pou yon kontestasyon plan pa pita ke dis (10) jou apati dat avi sou restriksyon, rediksyon, sispanasyon oswa revokasyon sèvis oswa dat efektif entansyon aksyon an pwopoze, kèlkeswa sa ki pita. Pou konnen kijan pou mande yon kontestasyon plan, epi pou mande èd ou kontinye, gade "**Kijan pou mwen Depoze yon kontestasyon pou yon Aksyon?**"

Sèvis ou yo ap kontinye jiskaske w retire apèl la, oswa jiska dis (10) jou apre nou voye avi w sou desizyon apèl ou a, amwenske w te mande yon Odyans San Patipri Medicaid nan Eta New York ak kontinyasyon sèvis yo. Gade **seksyon Odyans san Patipri** paj 50.

Malgre ou ka mande pou yon kontinyasyon sèvis pandan kontestasyon ou a ap revize, si plan an pa deside an favè ou, nou ka mande pou ou peye pou sèvis sa yo si ou te resevwa yo sèlman paske yo te mande ou kontinye resevwa yo pandan ka w la t ap revize.

Konbyen Tan Plan an Pral Pran pou Deside sou Kontestasyon Aksyon Mwen an?

Sòf si ou mande pou yon tretman akselere (rapid), nou pral trete kontestasyon aksyon nou te pran an kòm yon kontestasyon estanda. Nou pral voye ba ou yon desizyon alekri osi vit ke kondisyon sante ou mande, men pa pita ke trant (30) jou apati jou nou resevwa yon kontestasyon. (Nou ka ogmante peryòd revizyon an jiska katòz (14) jou si ou mande pou yon pwolongasyon oswa si nou bezwen plis enfòmasyon e ke reta a nan enterè w.) Pandan revizyon nou an ou pral gen yon chans pou prezante ka w la an pèsòn e alekri. Epitou w ap gen opòtinite pou gade tout dosye ou genyen ki fè patide revizyon apèl la.

Nou pral voye yon avi sou desizyon nou pran sou apèl ou a epi avi a pral idantifye desizyon nou pran an ak dat nou pran desizyon an.

Si nou ranvèse desizyon nou an pou refize oswa limite sèvis ou mande yo, oswa si nou limite, diminye, sispann oswa kanpe sèvis yo, e ke yo pat bay sèvis yo pandan apèl ou a te annatant, nou pral ba w sèvis w ap konteste a lepli vit ke eta sante w egzije l. Nan kèk ka, ou ka mande yon kontestasyon "akselere (rapid)." Gade **Pwosesis Akselere (rapid)** seksyon ki anba a.

Pwosesis Kontestasyon Akselere (rapid)

Si oumenm oswa pwofesyonèl swen sante ou santi ke pran tan pou yon kontestasyon estanda ta ka lakòz pwoblèm grav nan sante ou oswa lavi, ou kapab mande pou yon revizyon akselere (rapid) kontestasyon aksyon ou an. N ap reponn ou ak desizyon nou an nan lespas swasant douz (72) èdtan.

Nan okenn sikonstans tan nou pral pran pou bay desizyon nou an ap depase 72 èdtan apre nou resevwa kontestasyon ou a. (Nou ka ogmante peryòd revizyon an jiska 14 jou si ou mande pou yon pwolongasyon oswa si nou bezwen plis enfòmasyon epi reta a nan enterè w.)

Si nou pa dakò avèk demann kontestasyon akselere ou a, nou pral fè pi gwo efò pou kontakte ou an pèsòn pou fè ou konnen ke nou te refize demann kontestasyon akselere ou a (rapid) epi yo pral trete l kòm yon kontestasyon estanda. Epitou, nou pral voye yon avi alekri ba ou sou desizyon nou pran pou refize demann kontestasyon akselere ou a (rapid) nan espas de (2) jou apati dat nou resevwa demann ou an.

Si Plan an Refize Kontestasyon Mwen an, Kisa Mwen Ka Fè?

Si desizyon nou pran konsènan kontestasyon ou an pa antyèman anfavè ou, avi ou resevwa a pral esplike dwa ou genyen pou mande yon Odyans San Patipri nan Medicaid Leta New York ak kijan pou jwenn yon Odyans San Patipri, kiyès ki ka konparèt nan Odyans San Patipri a pou reprezante w, epi pou kèkkontestasyon, dwa ou genyen pou mande pou resevwa sèvis pandan Odyans lan annatant ak kijan pou fè demann lan.

Avi: Ou dwe mande yon Odyans San Patipri nan 120 jou sivil apre dat ki nan Avi Detèminasyon Final Negatif la. Si nou refize kontestasyon ou a akòz pwoblèm nesesite medikal oubyen paske sèvis ki konsène a te eksperimantal oswa investigatif, avi a pral esplike tou kòman pou mande Leta New York yon "kontestasyon ekstèn" desizyon nou an.

Odyans San Patipri Leta

Si nou pa t deside kontestasyon an totalman an favè w, ou ka fè yon demann Odyans San Patipri Medicaid Eta New York nan lespas san ven (120) jou apati dat nou voye avi sou desizyon nou pran sou kontestasyon an ba ou.

Si apèl ou a enplike restriksyon, rediksyon, sispansyon oswa fen sèvis otorize ke w ap resevwa aktyèlman yo, epi ou te mande yon Odyans San Patipri, w ap kontinye resevwa sèvis yo pandan n ap tann desizyon Odyans San Patipri a. Demann ou pou yon Odyans San Patipri dwe fèt nan lespas dis (10) jou apati dat nou te voye desizyon kontestasyon an oubyen nan dat nou gen entansyon pou aksyon nou an efektiv pou entèdi, redwi, sispann oubyen mete fen a sèvis ou yo, selon sa k ap rive pita a.

Avantaj ou yo pral kontinye jiskaske w anile Odyans san Patipri a; oubyen Ofisye Odyans San Patipri Leta a pran yon desizyon ki pa an favè w, kèlkeswa sa ki fèt an premye a.

Si Ofisye Odyans san Patipri Eta a ranvèse desizyon nou an, nou dwe asire ke ou resevwa sèvis an diskisyon yo touswit, epi osi vit kondisyon sante ou mande l men pa pita ke swasanndouz (72 èdtan) apati dat plan an resevwa desizyon Odyans San Patipri an. Si ou te resevwa sèvis konteste yo pandan apèl ou a te annatan, n ap responsab pou peman pou sèvis ki kouvri yo ke Ofisye Odyans San Patipri a òdone.

Byenke ou ka mande pou kontinye sèvis yo pandan w ap tann desizyon Odyans San Patipri w la, si desizyon ki soti nan Odyans San Patipri w la pa anfavè ou, ou ka responsab pou peye pou sèvis ki te nan Odyans San Patipri a.

Ou kapab depoze yon Odyans san Patipri Leta lè w kontakte Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (OTDA):

- Fòm Demann sou entènèt: Mande pou odyans | Odyans ekitab | OTDA (ny.gov) (<https://otda.ny.gov/hearings/request/>)

- Veye yon Fòm Demann Enprime:
NYS Office of Temporary and Disability Assistance Office of
Administrative Hearings
Managed Care Hearing Unit
P.O. Box 22023
Albany, New York 12201-2023
- Veye Pa Faks yon Fòm Demann ki ka Enprime: (518) 473-6735
- Demann pa telefòn:
Liy pou Odyans san Patipri estanda..... 1 (800) 342-3334
Liy Ijans pou Odyans San Patipri..... 1 (800) 205-0110
TTY liy - 711. Mande pou operatè a rele 1 (877) 502-6155
- Fè Demann lan an Pèsòn:
New York City
14 Boerum Place, 1st Floor
Brooklyn, New York 11201
Albany
40 North Pearl Street, 15th Floor
Albany, New York 12243

Pou plis enfòmasyon sou kòman pou w mande yon Odyans san patipri,
tanpri vizite: <http://otda.ny.gov/hearings/request/>

Apèl Eta Ekstèn

Si nou refize apèl ou a paske nou detèmine sèvis la pa nesesè medikalman
oswa ke sèvis la se yon eksperyans oswa li sou envestigasyon, ou kapab
mande pou yon apèl ekstèn nan Leta New York. Apèl ekstèn lan se revizè
ki pa travay pou nou oswa pou Leta New York ki deside sou li. Revizè sa
yo se moun kalifye ke Leta New York apwouve. Ou pa gen pou peye pou
yon apèl ekstèn.

Lè nou pran yon desizyon pou refize yon apèl poutèt mank nesesite medikal oswa sou baz ke sèvis la se yon eksperyans oswa li sou investigasyon, nou pral ba w enfòmasyon sou kijan pou soumèt yon demann pou yon apèl ekstèn, ikonpri yon fòm pou soumèt demann apèl ekstèn nan ladann ansanm avèk desizyon nou pou refize yon apèl. Si ou vle yon apèl ekstèn, ou dwe soumèt fòm nan bay Depatman Sèvis Finansye Leta New York la sou kat (4) mwa apati dat nou refize apèl ou a.

Men kèk fason pou jwenn fòm lan:

- Rele Department of Financial Services, 1-800-400-8882
- Ale sou sit entènèt Department of Financial Services nan www.dfs.ny.gov
- Ekri Department of Financial Services nan:

New York City - Main Office

New York State Department of Financial Services
One State Street
New York, NY 10004-1511

Albany Office

New York State Department of Financial Services
Consumer Assistance Unit
One Commerce Plaza
Albany, NY 12257

Kontakte HomeFirst nan 1-877-771-1119 (TTY: 711) si ou bezwen èd pou depoze yon kontestasyon.

Y ap pran yon desizyon sou apèl ekstèn ou an sou 30 jou. Si revizè apèl ekstèn nan mande pou yo ba li plis enfòmasyon, sa ka pran plis tan (jiska 5 jou ouvrap). Revizè a pral fè ni ou menm ni nou menm konnen desizyon final la sou de jou ouvrap apre yo pran desizyon an.

Ou ka jwenn yon desizyon pi rapid si doktè w la ka di ke yon reta ka koze danje grav sou sante w. Sa a rele yon kontestasyon ekstèn akselere (rapid) Evalyatè kontestasyon ekstèn lan pral deside sou yon kontestasyon akselere (rapid) nan 72 èdtan oubyen mwens. Revizè a pral di ni oumenm ni nou menm desizyon an touswit pa telefòn oswa pa faks. Annapre, yo pral voye yon lèt ki pral fè w konnen desizyon an.

Ou kapab mande pou toulède, yon Odyans San Patipri ak yon apèl ekstèn. Si ou mande pou yon Odyans San Patipri ak yon apèl ekstèn, desizyon ofisyèl Odyans San Patipri a se "li ki pral konte."

Plent Ak Kontestasyon Plent

HomeFirst pral fè tout sa l kapab pou l adrese pwoblèm oubyen enkyetid ou yo, pi vit posib e avèk satisfaksyon. Ou ka itilize swa pwosedi pou pote plent nou an oswa pwosedi dapèl nou an, toudepann de ki kalite pwoblèm ou genyen.

P ap gen okenn chanjman nan sèvis ou yo oswa nan fason anplwaye oswa yon pwofesyonèl swen sante HomeFirst trete w poutèt ou ranpli yon plent oswa ale annapèl. Nou pral kenbe konfidansyalite enfòmasyon prive w. Nou pral ba w kèlkeswa èd ou bezwen an pou soumèt yon plent oswa yon apèl. Sa vle di nap ba w sèvis entèprèt oswa nap ede w si w gen pwoblèm vizyon (nan zye) oswa pwoblèm pou tandè. Ou ka chwazi yon moun (tankou yon paran oswa yon zanmi oswa yon pwofesyonèl swen sante) ki pou aji pou ou.

Pou depoze yon plent, tanpri rele Sèvis Manm HomeFirst nan 1-877-771-1119 (TTY: 711), oubyen ekri:

HomeFirst
Attn: Appeals and Grievances
55 Water Street, 46th Floor
New York, NY 10041

Lè w kontakte nou, ou pral bezwen ba nou non w, adrès ou, nimewo telefòn ou ak detay sou pwoblèm nan.

Kisa yon Plent ye?

Yon plent se nenpòt kominikasyon ou voye bannou sou jan w pa satisfè ak swen epi tretman ou resevwa nan men anplwaye oswa founisè sèvis ki kouvri yo. Pa egzanp, si yon moun te enpoli, pa t vini, oubyen ou pa renmen kalite swen oswa sèvis ou te resevwa nan men nou, ou ka depoze yon plent avèk nou.

Pwosesis Plent lan

Ou ka soumèt nou yon plent swa aloral oswa alekri. Moun ki resevwa plent ou an pral anrejistre l, epi anplwaye apwopriye nan plan an pral sipèvize revizyon plent lan. Nou pral voye yon lèt pou n di w nou resevwa plent ou an ak yon deskripsyon sou pwosedi revizyon nou an. Nou pral egzamine plent ou a epi ba ou yon repons ekri nan yon (1) nan de (2) delè sa yo:

1. Si yon reta ta kapab siyifikativman ogmante risk pou sante ou, nou pral deside nan karant uit (48) èdtan apre nou resevwa enfòmasyon nesèsè yo, men pwosesis la dwe fini nan espas sèt (7) jou apre nou resevwa plent la.
2. Pou tout lòt plent, nou pral fè w konnen desizyon nou nan karant-senk (45) jou apre nou resevwa enfòmasyon ki nesèsè yo, men pwosesis la dwe fini nan lespas 60 jou apre nou resevwa plent la.

Nan repons nou an, n ap dekri kisa n jwenn lè n te revize plent ou an epi n ap di w ki desizyon nou pran sou plent ou an.

Kijan Pou M Konteste yon Desizyon ki gen rapò avèk yon Plent?

Si w pa satisfè ak desizyon nou pran sou plent ou an, ou ka mande n pou n fè yon dezyèm revizyon sou pwoblèm ou yo, annik soumèt yon apèl pou plent. Ou dwe depoze yon kontestasyon plent vèbalman oubyen alekri. Ou fèt pou soumèt li sou swasant (60) jou ouvrab apre w fin resevwa premye desizyon nou pran sou plent ou an. Yon fwa n fin resevwa apèl ou an, nou pral voye yon avi alekri pou n fè w konnen non, adrès ak nimewo telefòn moun nou chwazi ki pou reponn apèl ou an. Tout kontestasyon plent pral jere pa pwofesyonèl apwopriye ki pa te enplike nan desizyon konfòm inisyal la, enkli pwofesyonèl swen sante pou plent ki enplike pwoblèm klinik yo.

Pou kontestasyon plent estanda, nou pral pran desizyon kontestasyon an nan espas trant (30) jou sivil apre nou resevwa tout enfòmasyon ki nesèsè pou pran desizyon nou an. Si yon reta nan pran desizyon nou an ta siyifikativman ogmante risk pou sante ou, nou pral sèvi avèk pwosesis *akselere (rapid)* kontestasyon plent lan. Pou *kontestasyon akselere plent (rapid)*, nou pral pran desizyon sou kontestasyon an nan de (2) jou sivil aprè nou resevwa enfòmasyon ki nesèsè yo. Pou tou de kontestasyon plent estanda ak akselere (rapid), nou pral remèt ou yon avi alekri sou desizyon nou an. Nan avi nap voye a, nap detaye rezon ki fè nou pran desizyon an, lèfini si se yon ka ki enplike kesyon klinik, nap ba w rezònman klinik ki motive desizyon ou an.

Medyatè (Ombudsman) Patisipan

Ombudsman Patisipan an, ki rele Rezo Defans Konsomatè Endepandan (ICAN) se yon òganizasyon endepandan ki bay sèvis gratis pou moun k ap resevwa swen alontèm nan eta New York. Ou ka jwenn konsèy endepandan gratis sou kouvèti asirans ou, plent, ak opsyon kontestasyon ou yo. Yo ka ede w jere pwosedi apèl la. Yo ka bay sipò anvan ou enskri nan yon plan MLTC tankou HomeFirst. Sipò sa a enkli konsèy pou chwazi plan sante ak enfòmasyon jeneral ki gen rapò ak sa. Kontakte ICAN pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou sèvis yo:

- Telefòn: 1-844-614-8800 (TTY Sèvis Relè: 711)
- Entènèt: www.icannys.org | Imèl: ican@cssny.org

Si ou pa kapab rezoud bezwen ou yo nan plan an, ou kapab kontakte tou Depatman Sante Eta New York epi depoze yon plent nenpòt kilè lè w rele 1-866-712-7197, oubyen pa ekri nan:

NYS Department of Health
Bureau of Managed Long-term Care
Suite 1620, One Commerce Plaza
99 Washington Avenue
Albany, NY 12210

Dezanwolman nan HomeFirst MLTC Plan

Yo pa pral revoke enskripsyon ou nan Plan MLTC akòz okenn nan rezon sa yo:

- itilize anpil sèvis medikal ki kouvri yo
- yon kondisyon ki deja egziste oubyen yon chanjman nan sante ou
- kapasite mantal diminye oubyen konpòtman pa kolabore oubyen ki deranje ki dekoule de bezwen espesyal ou sof si rezilta konpòtman sa yo rann ou pa kalifye pou MLTC.

Anilasyon Afilyasyon Manm Volontè

Ou ka mande pou kite HomeFirst nenpòt lè pou nenpòt rezon.

Pou mande dezanwolman, rele Sèvis Manm yo oubyen ekip Jesyon Swen ou nan 1-877-771-1119 (TTY: 711) oswa ou ka ekri nou. Di yo ou vle di dezanwole nan HomeFirst, epi Ekip Jesyon Swen ou an pral travay avèk ou e avèk New York Medicaid Choice pou asire ou tranzisyon san danje soti nan plan nou an pou antre nan plan ou chwazi a si ou vle kontinye resevwa sèvis swen alontèm yo.

Plan an pral ba ou konfimasyon alekri demann ou an. Nou pral enkli ladan yon fòm dezanwolman volontè pou w siyen epi retounen ban nou. Si w pa vle ranpli fòm lan epi w mande pou w soumèt demann anilasyon enskripsyon w lan vèbalman, yon reprezantan HomeFirst kapab ranpli l pou ou.

Se pou soumèt fòm ki ranpli yo nan:

HomeFirst
Attn: Coordinated Care
55 Water Street, 46th Floor
New York, NY 10041

Ekip Jesyon Swen w lan pral diskite sou desizyon w lan avèk ou epi ap ede w planifye pou swen w aprè w fin anile enskripsyon an. Dat anilasyon enskripsyon HomeFirst ou a aplikab la se premye (1ye) jou nan mwa ki vini aprè mwa kote yo te trete Anilasyon enskripsyon an pa eMedNY.

HomeFirst pral voye demann dezanwolman ou a nan LDSS oubyen New York Medicaid Choice depi plan an. Ou pral resevwa yon lèt akize resepsyon nan men HomeFirst pou konfime dezi w pou w anile enskripsyon w nan plan an.

Dat anilasyon enskripsyon an se pral dènye jou nan mwa a apre LDSS oubyen NY Medicaid Choice fin trete anilasyon enskripsyon an epitou si lòt aranjman te fèt pou sèvis anplis, si sa nesèsè. Demann vèbal pou anilasyon enskripsyon pran menm kantite tan pou tretman an avèk demann ekri yo. Si yo soumèt yon demann aprè 20yèm (20yèm) jou nan mwa a, yo pral anile enskripsyon w lan nan premye (1ye) jou mwa ki vin aprè a.

Si plan egzeyat ou yo ta dwe enkli yon demann pou fiti sèvis, dat efektiv dezanwolman an detèmine pa LDSS oubyen New York Medicaid Choice, yon fwa yo apwouve demann ou an.

Pou transfè w ap fè ant HomeFirst ak yon lòt plan, HomeFirst pral ba w swen jiska dènye jou nan maw epi nouvo plan Jesyon swen alontèm ou an pral kòmanse ba w swen premye (1ye) jou nan mwa pwochen an.

Si ou bezwen sèvis swen alontèm epi w swete kite HomeFirst, ou dwe chwazi yon lòt plan avèk NY Medicaid Choice pou ou kapab kontinye resevwa sèvis ou yo. Ou pa anmezi retounen ankò nan frè pou sèvis Medicaid pa mwayen HRA oubyen LDSS pou resevwa sèvis ou yo.

Pou rezime, pwosesis la ta kapab pran jiska sis semèn, tou depann de lè yo resevwa demann ou an. Ou ka dezanwole pou antre nan Medicaid regilye oubyen antre nan yon lòt plan sante toutotan ou kalifye. Si ou kontinye bezwen CBLTSS, tankou swen pèsònèl, ou dwe antre nan yon lòt plan MLTC, Plan Swen Medicaid Jere oubyen pwogram egzansyon ki baze Lakay ak nan Kominote yon fason pou ka resevwa CBLTSS.

Transfè

Ou ka eseye plan nou an pandan 90 jou. Ou ka kite HomeFirst epi transfere epi antre nan yon lòt plan nenpòt ki lè pandan peryòd sa a. Si ou pa kite nan premye 90 jou yo, ou dwe rete nan HomeFirst pou nèf mwa, sof si ou gen yon bon rezon (bon kòz.)

- Ou demenaje deyò zòn sèvis nou an.
- Oumenm, plan an, ak Depatman Sèvis Sosyal konte ou a oubyen Depatman Sante Eta New York yo tout dakò ke kite HomeFirst ap pi bon pou ou.
- Founisè swen adomisil ou genyen kounye a p ap travay avèk plan nou an.
- Nou pa t anmezi ba w sèvis yo jan nou ta dwe fè sa dapre kontra nou genyan avèk Eta a

Si w kalifye, ou ka chanje pou ale nan yon lòt kalite plan swen kontwole alontèm tankou Medicaid Advantage Plus (MAP) oswa (PACE) Pwogram Tout Swen Konplè pou Moun Aje nenpòt lè san rezon valab.

Pou chanje plan, rele New York Medicaid Choice nan 1-888-401-6582. Konseye New York Medicaid Choice yo ka ede w chanje plan sante.

Sa ka pran ant de ak sis semèn pou enskripsyon w lan nan yon nouvo plan vin aktif. Ou pral resevwa yon nòt k ap sòti nan New York Medicaid Choice k ap ba w dat ou pral enskri nan nouvo plan w lan. HomeFirst ap ba w swen ou bezwen an annatandan.

Rele New York Medicaid Choice si w bezwen mande pou aksyon pi rapid paske tan li pran pou transfere plan pral reprezante yon danje pou sante w. Ou kapab mande yo yon entèvansyon ki pi rapid tou si w te di New York Medicaid Choice ou pa t dakò pou w enskri nan HomeFirst.

Anilasyon Enskripsyon Envolontè

Yon dezanwolman envolontè se yon dezanwolman ke HomeFirst te inisyè.

Si HomeFirst kwè li nesesè pou dezanwole yon manm envolontèman, nou dwe jwenn apwobasyon LDSS oubyen NY Medicaid Choice. Yon moun ki elijib ki enskri nan plan an p ap sibi anilasyon enskripsyon envolontè poutèt eta sante li. Manm yo anile enskripsyon yo envolontèman kapab oblije transfere nan yon lòt plan pou kontinye resevwa sèvis swen pèsònèl ak swen alontèm yo. Tout manm yo ap enfòmè sou dwa yo genyen pou yon odyans ekitab pa LDSS oswa HRA.

Si ou pa mande dezanwolman volontè, nou dwe kòmanse pwosesis

dezanwolman envolontè nan senk (5) jou sivil apati dat nou konnen ou satisfè nenpòt nan rezon dezanwolman envolontè ki anba a.

Ou pral oblije kite HomeFirst:

- Si ou pa abite ankò nan zòn sèvis HomeFirst la.
- Si w absan nan zòn sèvis la pandan plis ke trant(30) jou swivi.
- Si ou ospitalize oubyen si ou antre nan yon Biwo Sante Mantal, yon Biwo pou moun ki gen Andikap devlopmantral oubyen nan Biwo Sèvis Toksikomani ak pwogram soutyen rezidansyèl pou karant-senk (45) jou swivi oubyen plis.
- Si w pa kalifye ankò pou resevwa avantaj Medicaid yo.
- Si w bay HomeFirstfo enfòmasyon ki pa otantik, otreman si w bay HomeFirst manti, oubyen si w ap fè fwòd konsènan nenpòt aspè patisipasyon w antanke manm.
- Si w pa konplete eksprè ak soumèt nenpòt konsantman ki nesèsè oubyen divilge enfòmasyon.
- Si klinikman ou oblije resevwa swen nan mezon retrèt men ou pa kalifye pou jan de swen sa a selon règ elijibilite Pwogram enstitisyonèl Medicaid.
- Si yo evalye w kòmkiwa ou pa demontre ankò yon bezwen fonksyonèl oubyen klinik pou otorizasyon ak livrezon okenn sèvis swen alontèm nan kominote a sou baz masyèl oubyen, pou manm ki pa 2 dwa kalifye yo, anplis ki pa satisfè nivo swen mezon retrèt yo jan sa detèmine pa zouti re-evalyasyon NYS lan.
- Si yo idantifye inik sèvis ou a kòm Sèvis Swen Sosyal Lajounen.
- Si ou pa bezwen ankò, epi resevwa, omwen yon CBLTC chak mwa kalandriye.
- Si w nan prizon.

HomeFirst ap bay LDSS oswa antite ki deziyen pa Ministè a rezilta evalyasyon li an epi rekòmasyon li yo konsènan anilasyon enskripsyon an nan senk (5) jou ouvrap aprè evalyasyon an.

Nou ka mande pou w kite HomeFirst:

- Si oumenm oswa yon manm fanmi w oswa yon moun k ap bay swen de fason enfòmèl gen konduit oswa konpòtman ki entèfere seryezman ak kapasite HomeFirst pou l ba ou oswa lòt manm sèvis. HomeFirst dwe fè tout efò rezonab e se pou l dokimante efò sa yo pou l rezoud pwoblèm moun nan prezante ba li yo. HomeFirst pa kapab mande pou anilasyon enskripsyon akòz yon chanjman defavorab nan sante w oswa akòz ou bezwen plis sèvis, oswa akòz kapasite mantal la diminye oswa konpòtman deranjan oswa ki pa kolaboratif la prezante akòz bezwen espesyal ou yo.
- Si w pa peye oubyen pa fè aranjman satisfèzan pou peye HomeFirst montan ou dwe HomeFirst kòm sipli Medicaid nan trant (30) jou apre dèt la kontrakte, pouvi ke pandan peryòd trant (30) jou sa yo HomeFirst fè tout efò posib pou touche montan an. Se HRA ak/oswa LDSS ki detèmine montan lajan anplis Medicaid la.

Anvan yo envolontèman dezanwole ou, HomeFirst pral jwenn apwobasyon New York Medicaid Choice (NYMC) oubyen antite eta a deziyen. Dat efektif dezanwolman pral premye jou nan mwa ki swiv mwa ou vin pa kalifye pou anwolman. Si ou kontinye bezwen CBLTSS ou pral oblije chwazi yon lòt plan oubyen yo pral otomatikman asiyen (oto-asiyen) nan yon lòt plan.

Si ou envolontèman dezanwole, HomeFirst pral ede w transfere nan yon lòt plan swen jere alontèm, Plan Swen Medicaid Jere (si kalifye sèlman pou Medicaid) oubyen sèvis altènatif yo.

Konpetans Kiltirèl ak engwistik

HomeFirst onore kwayans ou epi li sansib a divèsite kiltirèl. Nou respekte kilti ou ak idantite kiltirèl ou epi travay pou elimine disparite kiltirèl yo. Nou mentni yon rezo pwofesyonèl kiltirèlman konpetan epi ankouraje ak asire livrezon sèvis yo yon fason ki kiltirèlman apwopriye pou tout manm yo. Sa gen ladan men pa limite a sèlman moun moun anglè yo limite, orijin kiltirèl ak etnik divès, ak kominote relijye divès.

Dwa ak Responsablite Manm yo

HomeFirst pral fè tout efò pou asire ke tout manm yo trete avèk diyite e respè. Nan moman anwolman an, Manadje Swen ou pral eksplike w dwa ak responsablite ou. Si ou bezwen sèvis entèpretasyon, Manadje Swen ou pral fè aranjman pou jewnn yo. Anplwaye yo pral fè tout efò posib pou ede ou egzèse dwa ou.

Dwa Manm yo (Deklarasyon Dwa yo)

- Ou gen dwa pou w resevwa swen ki medikalman nesesè;
- Ou gen dwa pou w jwenn swen ak sèvis san pèdi tan;
- Ou gen dwa pou yo respekte konfidansyalite enfòmasyon prive w konsènan dosye medikal ou epi lè ou resevwa tretman;
- Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon sou opsyon ak tretman altènatif ki disponib, prezante yon fason ak nan yon langaj ou konprann;
- Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon nan yon lang ou konprann; ou kapab jwenn sèvis tradiksyon oral gratis;
- Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon ki nesesè pou bay konsantman eklere avan ou kòmanse resevwa yon tretman;
- Ou gen dwa pou yo trete w avèk respè e avèk diyite;
- Ou gen dwa pou jwenn yon kopi dosye medikal ou yo epi mande pou yo amande oubyen korije dosye yo;
- Ou gen dwa pou patisipe nan desizyon sou swen sante w, enkli dwa pou w refize tretman;
- Ou gen dwa pou w lib de tout fòm kontrent oubyen izolman ki itilize kòm mwayen presyon, disiplin, konvenyans oubyen revanj;
- Ou gen dwa pou jwenn swen san diskrimasyon poutèt sèks, koulè, sitiyasyon matrimonyal, ras, eta sante, laj, idantite sèks (enkli estati transjanr oubyen dyagnostike avèk disfori sèks), oryantasyon seksyèl, kwayans, relijyon, andikap fizik oubyen mantal, sous peman, kalite maladi oubyen kondisyon, bezwen pou sèvis sante, orijin nasyonal oubyen konsènan pousantaj plan sante a pral resevwa;

- Ou gen dwa pou w pote plent bay Depatman Sante Eta New York (gade enfòmasyon kontak yo nan paj 55), Administrasyon Resous Imèn NYC oubyen Depatman Sèvis Sosyal; epi, dwa pou itilize sistèm odyans san pati pri eta New York la; epi, nan kèk ka pou mande yon kontestasyon ekstèn eta New York;
- Ou gen dwa pou nonmen yon moun pou pale pou ou konsènan swen w ak tretman w;
- Se dwa w pou prepare Direktiv ak plan Alavans konsènan swen ou.
- Se dwa w pou chèche asistans nan pwogram Medyatè Patisipan an.

Dwa sa yo baze sou obligasyon ou jwenn nan PHL 4408, 10NYCRR 98 1.14, 42 CFR 438.100 ak Atik 49 nan NYS PHL.

Medyatè Patisipan an se yon òganizasyon endepandan ki bay sèvis medyasyon gratis pou moun k ap resevwa swen dirab nan Eta New York. Sèvis sa yo genyen, men pa nesesèman limite ak:

- Bay yon soutyen anvan anwolman, tankou konsèy san patipri sou chwa plan sante ak enfòmasyon jeneral sou pwogram lan;
- Konpile plent ak enkyetid manm yo konsènan anwolman an, aksè a sèvis yo epi lòt pblèm similè,
- Ede manm yo konprann odyans san patipri, plent ak dwa kontestasyon nan plan sante a ak nan nivo Eta a, epi ede yo atravè pwosesis la si sa nesesè/mande, enkli fè demann nan plan yo ak pwofesyonèl swen sante yo pou dosye; ak
- Enfòme plan yo ak pwofesyonèl swen sante yo epi resous kominotè ak sipò ki ka lye avèk avantaj plan kouvri yo.

Responsablite manm yo

Menm jan ak afilyasyon nan nenpòt plan swen sante, ou gen dwa ak responsablite lè ou antre nan HomeFirst. Ou pral jwenn yon kopi Deklarasyon Dwa Manm yo nan paj 61 manyèl sa a. Antanke yon manm, ou gen kèk responsabilite tou. Responsabilite sa yo se:

- Resevwa tout sèvis ou ki kouvri yo nan Rezo Pwofesyonèl Swen Sante HomeFirst la.
- Jwenn otorizasyon HomeFirst anvan ou resevwa sèvis sijè a revizyon (refere a **Otorizasyon Sèvis yo, Aksyon ak Kontestasyon** nan seksyon paj 40).
- Peye HomeFirst nenpòt diplis Medicaid ou kapab genyen jan Depatman Sante Eta New York oswa Administrasyon Resous Imèn vil New York detèmine.
- Rele HomeFirst nenpòt lè ou gen kesyon konsènan afilyasyon manm ou oswa si ou bezwen asistans nan 1-877-771-1119.
- Fè HomeFirst konnen lè ou gen entansyon deplase kite vil la pou nou kapab ede w fè aranjman pou sèvis ou yo.
- Fè HomeFirst konnen lè ou kwè gen yon bezwen pou chanje plan swen ou.

Nou ta renmen HomeFirst vin pibon plan jesyon swen alontèm ki disponib. Pou nou akonpli objektif sa a, nou ka voye yon sondaj byen kout ba ou oswa nou ka rele w nan telefòn pou mande w kisa ou panse sou sèvis ak swen ou resevwa nan HomeFirst.

Etandone New York State Medicaid peye HomeFirst, Depatman Sante Leta New York pral evalye HomeFirst ak sèvis nou yo tou, pou wè kijan n ap satisfè bezwen w yo. Nou ankouraje w patisipe nan devlopman règleman òganizasyon an. Si nan nenpòt moman ou kwè ou gen yon sijesyon pou amelyore sèvis yo, tanpri rele 1-877-771-1119 (TTY: 711) oubyen ekri:

HomeFirst
Attn: Member Services
55 Water Street, 46th Floor
New York, NY 10041

Nou valorize opinyon manm nou yo e nou apresye nenpòt kòmantè ou fè yo.

Direktiv Alavans

Se dwa w pou pran pwòp desizyon w sou swen sante w. Pafwa, sa gen dwa pa posib, aprè yon aksidan oubyen yon maladi grav. Ou ka prepare w pou nenpòt sitiyasyon kote w p ap ka pran okenn desizyon enpòtan sou swen sante w pou kont ou.

Direktiv Alavans yo se dokiman legal ki asire demann ou yo satisfè nan sikonstans kote ou pa ka pran desizyon pou tèt ou. Dokiman sa yo ka bay enstriksyon sou ki swen ou ta vle yo ba ou nan sèten sikonstans, ak/oswa yo kapab otorize yon manm fanmi an patikilye oubyen zanmi pran desizyon nan non ou.

Gen diferan kalite Enstriksyon Alavans:

- Testaman
- Pwokirasyon
- Pouvwa legal dirab Sante
- Manda pou Swen Sante
- Lòd Pou Pa Reyanime
- Òdonans Medikal pou Tretman Soutyen lavi (MOLST)

Se chwa pa w, si wi ou non, ou ta vle ranpli yon Direktiv Alavans epi di ki kalite Direktiv Alavans ki pi bon pou ou. Lalwa entèdi tout fòm diskriminasyon ki ka fèt kont ou nan kad swen medikal, ki baze sou si ou te ranpli yon Direktiv Alavans oswa si w pat ranpli youn.

Pou plis enfòmasyon sou Enstriksyon Alavans yo, tanpri pale ak founisè swen prensipal ou a, ak Reprezantan Enskripsyon w lan lè w ap enskri ak/oswa Ekip Jesyon Swen w lan. HomeFirst pral ba ou enfòmasyon alekri konsènan Enstriksyon Alavans yo. Si w ta renmen ranpli yon Enstriksyon Alavans, gen fòm ki disponib pou sa. Anplwaye HomeFirst yo disponib tou pou yo reponn kesyon w ka genyen sou enstriksyon Alavans yo. Si ou deja gen enstriksyon alavans, tanpri pataje yon kopi avèk manadjè swen ou.

Finansman ak Peman HomeFirst

Lè w enskri, Medicaid voye bay HomeFirst yon sèl peman pa mwa pou HomeFirst ba ou tout sèvis kouvri ki nan lis paj 16 la. Pa gen prim, kopeman, oswa dediktib yo pral fè manm lan peye.

Pèman HomeFirst bay pwofesyonèl Swen Sante Rezo a

Tout Pwofesyonèl Swen Sante Rezo yo sou kontra avèk HomeFirst e se HomeFirst ki peye yo pou sèvis ki kouvri ke yo bay yo. Kèlkeswa frè pwofesyonèl swen sante a chaje, se frè ki te deja negosye depi avan epi frè sa yo renouvlab chak ane. Gen kèk pwofesyonèl swen sante, tankou pwofesyonèl ki bay swen vizyon (ak swen dantè) HomeFirst peye yon frè fiks pou chak manm kèlkeswa kantite sèvis manm lan bezwen. Jan de peman sa a rele kapitasyon. Pwofesyonèl swen sante HomeFirst yo pa dwa janm chaje w yon kopèman. Si ou resevwa yon fakti dirèkteman nan men yon pwofesyonèl swen sante, pa peye l epi rele Sèvis Manm yo nan 1-877-771-1119 (TTY: 711), Lendi jiska Vandredi, 8:30 a.m. rive 5:00 p.m., epi yo pral rezoud sitiyasyon an pou ou.

Sipli (Medicaid Sipli/Spenddown oswa NAMI)

Montan sipli, refere tou kòm "Spenddown" oubyen Revni Nèt Ki disponib chak mwa (NAMI), fè referans a montan revni LDSS, NYC HRA oubyen antite ki deziyen nan Depatman an detèmine yon moun oblije peye chak mwa pou satisfè kondisyon elijibilite finansye Medicaid pou ka kontinye resevwa kouvèti Medicaid. Si, LDSS, HRA oswa antite Depatman an deziyen an detèmine ou dwe yon obligasyon sipli mansyèl, HomeFirst oblije ba w yon bòdwo pou montan sipli yo detèmine yo.

LDSS, HRA oswa antite Depatman deziyen an pral avize HomeFirst si gen chanjman nan montan sipli ou oblije peye a, defason pou yo ka fè ajisteman yo kòrèkteman. Si sa nesesè, Ekip Jesyon Swen w lan ka diskite de pwosedi sa a an detay avèk ou.

Revokasyon anwolman akòz Peman ki pa fèt

HomeFirst ka antame Anilasyon Enskripsyon Envolontè si yon manm pa peye kèlkeswa montan li dwe kòm sipli Medicaid la sou trant (30) jou apre montan sa a rive nan echeyans. HomeFirst pral fè tout efò rezonab pou kolekte sipli a, sa gen ladann demann alekri pou pèman ak avize Manm nan ke yo ka anile enskripsyon l lan. Gade nan paj 58 oswa yon eksplikasyon konplè sou "Dezanwolman envolontè."

Enfòmasyon disponib sou demann

Si ou ta renmen nenpòt nan enfòmasyon suivan yo, ou menm oswa reprezantan ou deziyen an ka ekri nan:

HomeFirst
55 Water Street, 46th Floor
New York, NY 10041

Annik fè konnen ki dokiman ou bezwen epi nou pral poste yo pou ou sou dis (10) jou ouvrap. Enfòmasyon yo enkli:

- Yon lis non, adrès biznis, ak pozisyon ofisyèl manm konsèy yo, ofisye yo, moun k ap fè kontwòl yo ak pwopriyetè oubyen asosye HomeFirst yo.
- Règleman ak pwosedi pou pwoteje konfidansyalite dosye medikal manm lan ak lòt enfòmasyon.
- Yon deskripsyon ekri sou kalite plan asirans HomeFirst.
- Enfòmasyon konsènan otorizasyon sèvis pou yon maladi oubyen yon kondisyon medikal patikilye pou ede manm lan oubyen potansyèl manm lan evalye sèvis ki kouvri yo.
- Pwosedi aplikasyon alekri ak kalifikasyon minimòm pwofesyonèl swen sante a dwe genyen anvan HomeFirst konsidere travay avèk li.

- Enfòmasyon sou estrikti ak operasyon HomeFirst.
- Yon kopi dènve deklarasyon finansyè sètifye HomeFirst, ikonpri yon bilan ak rezime resi ak depans ke yon Kontab Piblik ki gen lisans (CPA) te prepare.

Notifikasyon Elektwonik

HomeFirst ak founisè nou yo kapab voye ba ou elektwonikman olye pa lapòs avi konsènan otorizasyon sèvis, kontestasyon plan, plent ak kontestasyon plent. Nou kapab voye komunikasyon sou manyèl manm ou an, sou anyè founisè nou an, ak sou chanjman nan avantaj swen Medicaid jere yo pa mwayen elektwonik olye pa lapòs.

Si ou chwazi notifikasyon elektwonik, nou rann avi ou disponib nan pòtal entènèt manm ou a. Ou gen chwa pou jwenn yon imèl ak/oubyen tèks lè avi yo disponib nan pòtal entènèt la. Pousantaj kapab aplike pou tèks mesaj estanda ak done. Si w vle resevwa avi sa yo pa mwayen elektwonik ou dwe mande nou.

Pou w mande avi elektwonik, kontakte nou pa telefòn, sou entènèt, oswa pa lapòs:

Telefòn	1-877-771-1119
Entènèt	notices.homefirst.org
Lapòs	HomeFirst c/o Command Direct PO Box 18023 Hauppauge, NY 11788

Lè ou kontakte nou, tanpri fè nou konnen:

- Ki jan ou ta vle jwenn avi ki nòmalman voye pa lapòs,
- Ki jan ou ta vle jwenn avi ki nòmalman te konn fèt nan telefòn, ak
- Ban nou enfòmasyon kontak ou (nimewo telefòn mobil, adrès imèl, nimewo faks, elatriye).

Avi sou Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Prive nan HomeFirst

DAT AVI SA AP AN VIGÈ: 9/1/2020

Avi sa a dekri kijan yo ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w, ak kouman ou ka jwenn enfòmasyon sa a. Tanpri revize li ak atansyon.

Avi sa a bay yon rezime sou pratik konfidansyalite nan HomeFirst ("Plan" an), Anplwaye li, estaf medikal la, ak lòt pwofesyonèl sante. Nou ka pataje enfòmasyon pwoteje sou sante ('PHI' oswa "Enfòmasyon sou Sante") ki konsène ou ak youn lòt pou rezon ki dekri nan avi sila a, menm jan an tou pou aktivite administratif Plan an.

Plan an angaje l pou l pwoteje konfidansyalite PHI manm nou yo. PHI se enfòmasyon ki: (1) idantifye w (oubyen kapab, an tout lojik sèvi pou idantifye w); epi (2) ki konsène sante fizik oswa sante mantal ou oubyen pwoblèm, konsènan sèvis swen sante w ap resevwa oubyen peman pou swen sa a.

Obligasyon Nou yo

- Lalwa fè nou egzijans pou nou kenbe PHI ou yo konfidansyèl epi an sekirite.
- Nou pral fè w konnen byen vit si yon bagay ta rive ki kapab konpwomèt konfidansyalite oubyen sekirite enfòmasyon w yo.
- Nou sipoze suiv dwa, devwa ak pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a epi nou sipoze ba w yon kopi dokiman an.
- Nou pa pral itilize oswa pataje enfòmasyon ou yon lòt fason ke jan dokiman sa dekri l lan amwenske ou ba nou otorizasyon pou nou fè sa alekri. Si w di nou nou ka fè sa, ou kapab retounen sou desizyon w nenpòt kilè. Mete nou okouran alekri si ou chanje lide.

Kijan Nou ka Itilize epi Divilge Enfòmasyon sou Sante

Kategori suivan yo dekri fason diferan nou ka itilize ak divilge Enfòmasyon sou Sante w. Se pa tout itilizasyon oswa divilgasyon ki akseptab nan yon kategori ki liste pi ba a, men kategori yo bay egzanp sou itilizasyon ak divilgasyon lalwa aksepte.

Pèman. Nou ka itilize epi divilge pwosesis Enfòmasyon sou Sante epi peye reklamasyon oumenm oswa doktè w yo, lopital ak lòt founisè swen sante yo soumèt nou pou sèvis nou ba w. Pa egzanp, lòt rezon pou peman ka gen ladan yo itilizasyon Enfòmasyon sou Sante pou detèmine elijiblite pou avantaj, kowòdinasyon avantaj yo, koleksyon prim, ak nesesite medikal. Nou ka pataje enfòmasyon w ak lòt plan sante ki bay oswa ki te kouvri w pou rezon peman oswa pou deteksyon oswa prevansyon fwòd ak depandans nan matyè swen sante.

Operasyon Swen Sante yo. Nou ka itilize epi divilge Enfòmasyon sou Sante pou operasyon ki gen rapò ak swen sante, ki se aktivite administratif ki gen rapò avèk fonksyonman Plan an. Pa egzanp, nou ka itilize Enfòmasyon sou Sante pou opere epi jere aktivite komèsyal nou yo ki gen rapò avèk founi epi jere kouvèti pou swen sante w oswa pou rezoud doleyans.

Tretman. Nou ka divilge Enfòmasyon sou Sante w avèk pwofesyonèl swen sante w (famasi, doktè, lopital, elatriye) pou ede yo trete w. Pa egzanp, si ou nan lopital la, nou ka divilge enfòmasyon doktè w la voye bannou.

Rapèl pou Randevou, Altènatif pou Tretman, epi Avantaj ak Sèvis ki gen Rapò ak Sante. Nou ka itilize epi divilge Enfòmasyon sou Sante pou kontakte w pou nou raple w ou gen yon randevou/vizit avèk nou oswa avèk pwofesyonèl swen sante w. Nou ka itilize epi divilge Enfòmasyon sou Sante w tou pou nou enfòme w sou opsyon tretman, altènatif, avantaj ki gen rapò ak sante, oswa sèvis ki ka enterese w.

Lè ou ban nou sèten enfòmasyon, ou ekspresman dakò ke Plan an avèk biznis asosye li yo kapab itilize sèten enfòmasyon (tankou nimewo telefòn travay/mobil ak imèl ou), pou kontakte ou konsènan divès rezon, tankou swivi randevou, koleksyon lajan ou dwe ak lòt rezon operasyonèl. Ou dakò ke yo ka kontakte w atravè enfòmasyon ou bay yo avèk mesaj ki anrejistre alavans ak vwa nòmal oswa atifisyèl epi itilizasyon yon sistèm apèl otomatik ki konfigire alavans.

Moun ki Enplike nan Swen Ou oswa ki Enplike nan Pèman pou Swen Ou. Nou ka divilge Enfòmasyon sou Sante bay yon moun, tankou manm fanmi ouwa zanmi, ki enplike nan swen medikal ou oswa ki ede peye pou swen w. Nou ka avize moun sa a tou sou kote w ye ouwa eta jeneral ou, ouwa divilge enfòmasyon sila a bay yon enstitisyon ki ap ede nan ka operasyon èd pou sinistre. Nan ka sa yo, nou pral pataje sèlman Enfòmasyon sou Sante w ki dirèkteman konsène patisipasyon moun lan nan swen sante w ouwa ki gen rapò avèk peman pou swen sante w.

Reprezantan Pèsonèl yo. Nou ka divilge Enfòmasyon sou Sante w bay reprezantan pèsonèl ou, si w gen youn. Yon reprezantan pèsonèl gen otorite legal pou l ajè nan non w nan pran desizyon ki gen rapò avèk swen sante w ouwa ki gen rapò avèk peman pou swen w. Pa egzanp, nou ka divilge Enfòmasyon sou Sante w bay yon mandatè dirab ouwa bay yon gadyen legal.

Rechèch. Nan sèten sitiyasyon, antanke yon òganizasyon ki fè rechèch, nou ka itilize epi divilge Enfòmasyon sou Sante pou rezon rechèch. Pa egzanp, yon pwojè rechèch kapab gen ladan konparezon sante ak rekipasyon tout manm ki resevwa yon medikaman ouwa tretman ak moun ki te resevwa yon lòt, pou menm kondisyon an. Anvan nou itilize ouwa divilge Enfòmasyon sou Sante pou rechèch, pwojè a pral pase yon pwosesis apwobasyon espesyal. Pwosesis sa a evalye yon pwojè rechèch yo pwopoze ak jan li itilize Enfòmasyon sou Sante pou balanse avantaj rechèch yo ak nesesite pou konfidansyalite Enfòmasyon sou Sante. Nou ka pèmèt chèchè yo tou pou yo gade dosye pou ede yo idantifye manm ki ka patisipe nan pwojè rechèch yo a ouwa pou lòt rezon similè.

Aktivite Kòlèk Fon. Nou kapab itilize ouwa divilge enfòmasyon demografik ou (pa egzanp, non, adrès, nimewo telefòn ak lòt enfòmasyon kontak), dat yo te ba w swen sante yo, eta sante w, depatman ak doktè (yo) ki te ba w sèvis, epi enfòmasyon sou rezilta tretman w lè yo kontakte w nan lide pou ede kolekte fon pou sipòte Plan an ak lòt antite ki pa travay pou pwofi k ap travay sou yon pwojè koleksyon fon avèk nou. Nou kapab divilge Enfòmasyon sou Sante w tou bay yon fondasyon asosye ouwa bay asosye nan biznis nou yo pou yo kapab kontakte w nan lide pou kolekte fon pou nou.

Si nou itilize oswa divilge Enfòmasyon Sou Sante w pou ranmase lajan, yo pral enfòme w sou dwa w pou patisipe oubyen refize resevwa plis komunikasyon pou ranmase lajan.

Sitiyasyon Espesyal yo

Anplis sa ki pi wo a, nou ka itilize epi divilge Enfòmasyon sou Sante w nan sitiyaasyon espesyal sa yo. Nou sipoze satisfè plizyè kondisyon lalwa anvan nou ka pataje enfòmasyon w yo nan objektif sa yo. Pou plis enfòmasyon gade:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html.

Daprè Sa Lalwa Egziye. Nou pral divilge Enfòmasyon sou Sante lè li obligatwa selon lalwa entènasyonal, federal, leta oswa lokal.

Pou Evite yon Menas Grav sou Sante oswa Sekirite. Nou ka itilize oswa divilge Enfòmasyon sou Sante lè li nesesè pou evite oswa diminye yon menas grav sou sante w oswa sekirite w, oswa sante oswa sekirite piblik la oswa yon lòtmoun. Nenpòt divilgasyon, sepandan, ap fèt bay yon moun nou panse ki kapab ede evite menas la.

Asosye Biznis yo. Nou ka divilge Enfòmasyon sou Sante bay asosye nan biznis nou anboche pou bay sèvis pou nou si enfòmasyon an nesesè pou sèvis sa yo. Pa egzanp, nou ka itilize yon lòt konpayi pou bay sèvis faktirasyon pou nou. Asosye nan biznis nou yo oblije, selon kontra yo genyen avèk nou, pou yo pwoteje konfidansyalite enfòmasyon nou epi yo pa gen dwa itilize oswa divilge okenn enfòmasyon ki pa an akò avèk sa ki nan kontra nou avèk yo.

Don Ògàn ak Tisi. Si ou se yon donatè ògàn, nou kapab divilge Enfòmasyon sou Sante w bay òganizasyon ki jere akizisyon ògàn oswa transplantasyon ògàn, je, oswa tisi oswa bay yon bank don ògàn, si li nesesè, pou fasilite don ak transplantasyon ògàn oswa tisi.

Militè ak Veteran. Si ou se yon manm fòs lame, nou ka divilge Enfòmasyon sou Sante lè otorite kòmanman militè yo mande l. Nou ka bay Enfòmasyon sou Sante tou bay otorite militè apwopriye a si ou se manm militè etranje.

Dedomajman travayè yo. Nou ka divilge Enfòmasyon sou Sante jan li otorize epi nan mezi nesesè pou respekte lwa ki gen rapò avèk dedomajman travayè oubyen pwogram ki similè. Pwogram sa yo bay avantaj pou blesi oswa maladi ki gen rapò avèk travay.

Risk Sante Piblik. Nou ka divilge Enfòmasyon sou Sante pou aktivite sante piblik yo. Jeneralman aktivite sa yo gen ladan yo divilgasyon pou evite oswa kontwole maladi, blesi oswa andikap; rapò sou nesans ak lanmò; rapò sou abi oswa neglijan sou timoun; rapò sou reyaksyon ak medikaman oswa pwodwi yo ka ap itilize; suiv kèk pwodwi epi siveye itilizasyon yo ak efikasite yo; si lalwa pèmèt sa, avize yon moun ki ka te ekspozé a yon maladi oubyen ki gen risk pou l kontrakte oswa pwopaje yon maladi oswa yon kondisyon; epi antreprann siveyans medikal etablisman nou yo nan kèk sitiyasyon limite parapò ak maladi oswa blesi nan travay. Nou kapab divilge Enfòmasyon sou Sante tou bay yon otorite gouvènman apwopriye si gen vyolans; sepandan, nou pral sèlman divilge enfòmasyon sa yo si manm lan dakò oubyen lè lalwa otorize nou.

Aktivite Siveyans Sante. Nou kapab divilge Enfòmasyon sou Sante bay yon ajans siveyans pou aktivite lalwa otorize. Aktivite siveyans sa yo gen ladan yo, pa egzanp, odit, investigasyon, enspeksyon, ak lisans pou etablisman ak founisè nou yo. Aktivite sa yo nesesè pou gouvènman an ka kontwole sistèm swen sante a, pwogram gouvènman yo, ak konfòmite avèk lwa dwa sivil yo.

Pwosè ak Aksyon Legal yo. Nou kapab divilge Enfòmasyon sou Sante tou pou reponn a yon tribinal oswa yon lòd administratif, oubyen yon asiyasyon, ankèt pou fè dekouvèt, oubyen lòt pwosè legal yon lòt moun ki enplike nan yon aksyon legal, men sèlman si efò te fèt pou avize w sou demann lan oubyen pou jwenn yon lòd ki pwoteje enfòmasyon y ap mande a.

Aplikasyon Lalwa. Nou kapab pataje Enfòmasyon sou Sante si yon otorite ki la pou aplike lalwa mande li pou rezon ki vin annapre yo: (1) pou reponn a yon lòd tribinal, asiyasyon, manda, konvokasyon oubyen yon pwosesis similè; (2) enfòmasyon limite pou idantifye oubyen lokalize yon sispèk, fijitif, temwen materyèl oswa moun ki disparèt; (3) sou viktim yon krim si, nan kèk sitiyasyon limite,

nou pa kapab jwenn konsantman moun lan; (4) sou lanmò nou panse ki rive akòz yon kondwit kriminel; (5) sou prèv yon kondwit kriminel nan etablisman nou yo; epi (6) nan sitiyasyon ijans pou rapòte yon krim, lokalizasyon krim lan oubyen viktim yo oubyen idantite, deskripsyon oswa lokalizasyon moun ki komèt krim lan.

Medsen Lejis, Egzaminatè Medikal ak Direktè Ponp Finèb yo. Nou kapab bay yon medsen leis oubyen yon egzaminatè medikal Enfòmasyon sou Sante. Nan kèk sitiyasyon sa ka nesesè, pa egzanp, pou detèmine kòz lanmò a. Nou kapab bay direktè ponp finèb Enfòmasyon sou Sante tou si li nesesè nan kad travay yo.

Aktivite Sekirite Nasyonal ansanm ak Ransèyman. Nou kapab divilge Enfòmasyon Sou Sante bay ofisyèl otorize federal yo pou entelijans, kontentelijans ak lòt aktivite sekirite nasyonal ki otorize pa lalwa.

Sèvis Pwoteksyon Prezidan an ak Lòt Pèsonalite. Nou kapab divilge Enfòmasyon sou Sante bay otorite ofisyèl federal otorize yo pou yo ka bay Prezidan an, lòt moun ki otorize oubyen chèf leta etranje pwoteksyon oubyen pou mennen investigasyon espesyal.

Prizonye oubyen Moun ki an Detansyon. Nan ka prizonye yon enstitisyon koreksyonèl oubyen ki an detansyon sou gad yon ofisye lapolis, nou ka bay enstitisyon koreksyonèl apwopriye a oubyen ofisye lapolis la Enfòmasyon sou Sante. Divilgasyon sa a ta kapab fèt sèlman si li nesesè (1) pou enstitisyon an ba w swen sante; (2) pou pwoteje sante ak sekirite w oubyen sante ak sekirite lòt moun; oubyen (3) pou pwoteksyon ak sekirite enstitisyon koreksyonèl lan.

Restriksyon Adisyonèl sou Itilizasyon ak Divilgasyon: Kèk Enfòmasyon sou Sante ki gen ladan, men ki pa limite a, enfòmasyon ki gen rapò avèk abi alkòl ak dwòg, tretman sante mantal, jenetik ak enfòmasyon konfidansyèl ki gen rapò ak VIH mande otorizasyon ekri anvan divilgasyon epi yo sijè a pwoteksyon konfidansyalite espesyal separe anba lalwa Leta New York oubyen lòt lwa federal, pati avi sa a kapab pa aplike. Nan ka enfòmasyon jenetik, nou pa pral itilize ni pataje enfòmasyon jenetik ou pou rezon souskripsyon.

Si itilizasyon oswa pataj Enfòmasyon sou Sante ki dekri pi wo nan Avi sa a entèdi oswa limite selon lòt lwa ki konsène nou, règleman nou se pou nou satisfè kondisyon lwa ki pi rijid la.

Itilizasyon ak Divilgasyon ki Mande Otorizasyon Ekri

Nan sitiyasyon apade sa ki dekri pi wo a, nou pral mande otorizasyon w alekri anvan nou itilize oswa divilge enfòmasyon pèsonèl sou ou. Pa egzanp, nou pral mande otorizasyon w:

- 1) pou rezon maketing ki pa gen rapò ak plan avantaj ou a,
- 2) avan divilgasyon nenpòt nòt sikoterapi,
- 3) ki gen rapò ak lavant Enfòmasyon sou Sante w, epi
- 4) pou lòt rezon lalwa egzije. Pa egzanp, lalwa Eta egzije anplis pou nou mande otorizasyon w alekri anvan nou itilize oswa divilge enfòmasyon ki gen rapò avèk VIH/SIDA, abi sibstans, oubyen enfòmasyon sante mantal.

Se dwa w pou w anile nenpòt nan otorizasyon sa yo, eksepte nan sitiyasyon limite tankou si nou te pran aksyon ki depann sou otorizasyon w nan.

Dwa w yo

Ou genyen dwa ki vin annapre yo, ki sijè a kèk limitasyon, parapò ak Enfòmasyon sou Sante nou kenbe sou ou –tout demann yo fèt pou yo ALEKRI:

Dwa pou Mande Restriksyon. Ou gen dwa pou w mande yon restriksyon oubyen limitasyon sou Enfòmasyon Sante nou itilize oubyen divilge pou operasyon ki gen rapò avèk tretman, pèman, oubyen swen sante. Ou gen dwa pou w mande yon limit sou Enfòmasyon Sante nou divilge sou ou bay yon moun ki enplike nan swen w oubyen pèman pou swen w, tankou yon manm fanmi w oubyen zanmi w. Nou pa oblije dakò avèk demann ou an, epi nou kapab di "non" si sa pral afekte swen w. Si nou dakò ak demann ou a, nou pral respekte li amwenske nou bezwen itilize enfòmasyon an nan kèk sitiyasyon tretman ijans.

Dwa pou Mande Kominikasyon Konfindansyèl. Si ou deklare klèman ke divilgasyon tout oswa yon pati nan Enfòmasyon sou Sante w ka mete lavi w andanje, se dwa w pou w mande nou kominike avèk ou yon sèten fason oubyen nan yon sèten lokalizasyon ki diferan de mwayen kominikasyon nòmal nou yo. Pa egzanp ou ka mande nou pou n kontakte w pa kourye sèlman nan yon Bwat Postal olye nou voye l nan adrès lakay ou oubyen ou kapab vle resevwa apèl nan yon lòt nimewo telefòn. Demann ou an dwe fèt alekri epi li dwe presize kijan oswa kouman ou vle nou kontakte w.

Dwa pou w Enspekte ak Kopye. Ou gen dwa pou w enspekte epi resevwa yon kopi Enfòmasyon sou Sante w nou genyen nan dosye nou ki sèvi pou pran desizyon sou anwolman w, swen oubyen peman pou swen w, enkli enfòmasyon ki nan yon dosye medikal elektwonik. Si w vle revize oswa resevwa yon kopi dosye sa yo, ou fèt pou fè yon demann alekri. Nou ka fè w peye yon frè rezonab pou depans nap fè nan fè kopi ak nan voye dosye yo pa lapòs. Nou ka refize ba w aksè a kèk enfòmasyon. Si nou fè sa, nou pral ba w rezon an alekri. Nou pral esplike tou kijan ou ka fè yo retounen sou yon desizyon atravè yon apèl lajistis.

Tanpri konnen ke ka genyen yon frè pou kopi sou papye oubyen kopi elektwonik dosye w yo.

Dwa pou fè Modifikasyon. Si ou panse Enfòmasyon sou Sante nou genyen an pa kòrèk oswa li pa konplè, ou ka mande nou modifye enfòmasyon an. Se dwa w pou w mande yon modifikasyon pou tout tan enfòmasyon an rete nan men nou oswa pou nou. Se pou w di nou rezon kifè ou fè demann nan. Nou ka refize demann ou pou yon modifikasyon nan dosye w. Nou ka fè sa si demann ou a pa fèt alekri oswa si li pa genyen yon rezon pou sipòte demann nan. Nou ka refize demann ou a tou si ou mande nou modifye enfòmasyon:

- nou pat kreye;
- ki pa fè pati de dosye ki sèvi pou pran desizyon sou ou;
- se pa yon pati enfòmasyon yo pèmèt ou enspekte ak;
- resevwa yon kopi; Oubyen
- ki kòrèk epi ki konplè.

Dwa pou yon Kontrandi sou Divilgasyon yo. Ou gen dwa pou mande yon kontrandi sou sèten divilgasyon Enfòmasyon sou Sante ke nou te fè pandan yon peryòd sis ane (6 ane). Kont randi a pral gen ladan sèlman divilgasyon ki pat fèt pou tretman, pèman, operasyon swen sante, ba ou, apre otorizasyon, oswa pou "sitiyasyon espesyal" jan li dekri nan avi sa a. Se dwa w pou jwenn yon Kont randi sou Divilgasyon yo gratis. Pou demann ki fèt apre yo nan yon peryòd douz-mwa (12-mwa) a, ka gen yon frè pou peye.

Dwa pou Yon Kopi Avi Sa a Sou Papye. Ou gen dwa pou w resevwa yon kopi sou papye de avi sa a. Ou ka mande nou ba w yon kopi avi sa a nenpòt lè. Menmsi ou dakò pou w resevwa avi sa a elektwonikman, ou toujou genyen dwa pou w jwenn yon kopi avi sa a sou papye. Ou kapab jwenn yon kopi avi sa a nenpòt ki lè sou sit entènèt Plan an: elderplan.org/

Kijan pou Egzèse Dwa w yo

Pou w egzèse nenpòt nan dwa w yo ki dekri nan avi sa a, apade pou w resevwa yon kopi avi sa a sou papye, se pou w kontakte Plan an.

HomeFirst

Attn: Regulatory Compliance
55 Water Street, 46th Floor
New York, NY 10041
1-800-353-3765 (TTY: 711)

Notifikasyon sou Vyolasyon

Nou pral kenbe Enfòmasyon sou Sante w konfidansyèl epi sekirize jan lalwa egzije l. Si genyen yon vyolasyon (dapre definisyon legal) nan nenpòt Enfòmasyon sou Sante w, nou pral avize ou nan lespas swasant (60) jou apre dekouvèt vyolasyon an, amwenske otorite lapolis yo mande yon delè nan notifikasyon an.

Echanj Enfòmasyon Elektwonik sou Sante

Plan an ka patisipe nan plizyè sistèm echanj elektwonik Enfòmasyon sou Sante ak lòt pwofesyonèl swen sante, rezo echanj enfòmasyon sou sante ak plan sante. Lòt pwofesyonèl swen sante, rezo echanj enfòmasyon sou sante ak plan sante yo kapab gen aksè a Enfòmasyon sou Sante w ke Plan an kenbe pou rezon tretman, pèman oubyen operasyon swen sante. Anplis, Plan an kapab aksede a Enfòmasyon sou Sante w ki nan men lòt pwofesyonèl swen sante, rezo echanj enfòmasyon sou sante ak plan yo pou rezon tretman, pèman oubyen operasyon swen sante men sèlman avèk konsantman w.

Chanjman nan Avi sa a

Nou rezève dwa pou nou chanje avi sa a epi pou nou fè revizyon oswa chanjman nan avi a efektiv pou Enfòmasyon sou Sante nou deja genyen tankou tou nenpòt enfòmasyon nou resevwa alavni. Nouvo avi a pral disponib sou demand, sou sit entènèt nou an, epi nou pral voye yon kopi pa lapòs ba ou. Avi a pral genyen dat efektiv la sou premye paj la, nan kwen anwo agoch la.

Plent ak Kesyon

Si w panse yo vyole dwa sou konfidansyalite w, ou ka ranpli yon plent ansanm ak nou. Pou w soumèt yon plent bannou, kontakte Biwo sou Konfidansyalite Enfòmasyon Prive nou an nan adrès ki nan lis pi ba a. Se pou tout plent yo fèt alekri.

HomeFirst
Attn: Regulatory Compliance
55 Water Street, 46th Floor
New York, NY 10041

Ou kapab depoze yon plent nan Biwo Sèvis Sante ak Sèvis Imen Etazini Biwo Dwa Sivil lè ou:

- voye yon lèt nan
200 Independence Avenue, S.W.
Washington, D.C. 20201,
- rele 1-877-696-6775, oswa
- vizite www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/.

Nou pa p riposte kont ou si w egzèse dwa w pou w depoze yon plent. Si ou genyen nenpòt kesyon sou avi sa a, tanpri kontakte 1-855-395-9169 (TTY: 711)

Elderplan, Inc.

Avi Kont Diskriminasyon – Diskriminasyon Kont Lalwa

Elderplan/HomeFirst konfòme l avèk lwa Federal sou dwa sivil ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap oswa sèks. Elderplan, Inc pa ekskli moun ni trete yo de fason diferan poutèt ras, koulè, peyi orijin, laj, enfimite oswa sèks. Bay èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap pou yo kapab kominike kòrèkteman ak nou, tankou:

- Entèprèt ki kalifye nan langaj an siy
- Enfòmasyon ekri nan lòt fòm (gwo lèt enprime, odyo, aksesib fòm elektwonik, lòt fòm)
- Bay sèvis lang gratis pou moun lang prensipal yo pa angle, tankou:
 - Entèprèt ki kalifye
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si ou bezwen sèvis sa yo, kontakte Kowòdonatè Dwa Sivil la. Si ou panse Elderplan/HomeFirst pa ba w sèvis sa yo oubyen li diskrimine nan nenpòt lòt fason akòz ras, koulè, peyi orijin, laj, andikap oswa sèks, ou kapab soumèt yon dòleyans bay:

Elderplan

Civil Rights Coordinator
55 Water Street, 46th Floor
New York, NY 10041
Phone: 1-877-326-9978, TTY 711
Faks: 1-718-759-3643

Ou kapab soumèt yon doleyans an pèsòn, pa lapòs, nan telefòn, oubyen pa faks. Si ou bezwen èd pou soumèt yon doleyans, Kowòdonatè Dwa Sivil la disponib pou li ede w. Ou kapab depoze tou yon plent dwa sivil nan Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini, Biwo pou Dwa Sivil, elektwonikman atravè Biwo pou Plent Dwa Sivil, disponib nan **ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf**, oubyen pa imèl oubyen telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW, Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201
1-800-368-1019, 1-800-537-7697 (TDD)

Fòm pou plent yo disponib nan **www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html**

ASISTANS LANG

ATTENTION: Language assistance services and other aids, free of charge, are available to you. Call 1-877-771-1119 (TTY:711).	English
ATENCIÓN: Dispone de servicios de asistencia lingüística y otras ayudas, gratis. Llame al 1-877-771-1119 (TTY:711).	Spanish
请注意：您可以免费获得语言协助服务和其他辅助服务。请致电 1-877-771-1119 (TTY:711)。	Chinese
ملاحظة: خدمات المساعدة اللغوية والمساعدات الأخرى المجانية متاحة لك. اتصل بالرقم 1-877-771-1119 (TTY:711).	Arabic
주의: 언어 지원 서비스 및 기타 지원을 무료로 이용하실 수 있습니다. 1-877-771-1119 (TTY:711) 번으로 연락해 주십시오.	Korean
ВНИМАНИЕ! Вам доступны бесплатные услуги переводчика и другие виды помощи. Звоните по номеру 1-877-771-1119 (TTY:711).	Russian
ATTENZIONE: Sono disponibili servizi di assistenza linguistica e altri ausili gratuiti. Chiamare il 1-877-771-1119 (TTY:711).	Italian
ATTENTION : Des services d'assistance linguistique et d'autres ressources d'aide vous sont offerts gratuitement. Composez le 1-877-771-1119 (TTY:711).	French
ATANSYON: Gen sèvis pou bay asistans nan lang ak lòt èd ki disponib gratis pou ou. Rele 1-877-771-1119 (TTY:711).	French Creole
אכטונג: שפראך הילף סערוויסעס און אנדערע הילף, זענען אוועילעבל פאר אייך אומזיסט. רופט 1-877-771-1119 (TTY:711).	Yiddish
UWAGA: Dostępne są bezpłatne usługi językowe oraz inne formy pomocy. Zadzwoń: 1-877-771-1119 (TTY:711).	Polish
ATENSYON: Available ang mga serbisyong tulong sa wika at iba pang tulong nang libre. Tumawag sa 1-877-771-1119 (TTY:711).	Tagalog
মনোযোগ ন্যমূল্যে ভাষা সহায়তা পরিষেবা এবং অন্যান্য সাহায্য আপনার জন্য উপলব্ধ। 1-877-771-1119 (TTY:711)-এ ফোন করুন।	Bengali
VINI RE: Për ju disponohen shërbime asistence gjuhësore dhe ndihma të tjera falas. Telefononi 1-877-771-1119 (TTY:711).	Albanian
ΠΡΟΣΟΧΗ: Υπηρεσίες γλωσσικής βοήθειας και άλλα βοηθήματα είναι στη διάθεσή σας, δωρεάν. Καλέστε στο 1-877-771-1119 (TTY:711).	Greek
توجہ فرمائیں: زبان میں معاونت کی خدمات اور دیگر معاونتیں آپ کے لیے بلا معاوضہ دستیاب ہیں۔ کال کریں 1-877-771-1119 (TTY:711)۔	Urdu

55 Water Street, 46th Floor
New York, NY 10041

1-877-771-1119

Lendi – Vandredi
8:30 a.m. – 5:00 p.m

www.homefirst.org